**O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI XALIQ TA’LIMI MİNİSTRLİGİ**

**A`İNİYaZ ATINDAG`I NO`KİS MA`MLEKETLİK PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI**

**PEDAGOGIKA FAKULTETI**

***“PEDAGOGIKA HA`M PSIXOLOGIYA” KAFEDRASI***

«Pedagogika ha`m psixologiya» ta`lim bag`darının` 4[j]-kurs talabası

Tanirbergenova Mexriban Ko`shkinbaevnanın`

**“O`spirimlik da`wirinde do`retiwshilik uqıplılıqtı rawajlandırıwdın` psixologiyalıq o`zgeshelikleri” degen temada jazg`an**

# *QA`NİGELİK PİTKERİW JUMISI*

| | |
|---|---|
| Qorg`awg`a ruxsat | «Pedagogika ha`m psixologiya» |
| Pedagogika fakul`teti dekanı | kafedrası baslıg`ı, dots |
| ___________dots. Z.Klıcheva | __________Sh.Saparov |
| 2015j «______» iyun | İlimiy basshı: ps.i.k. |
| | __________Z.Sherimbetova |

No`kis-2015

**Tema: O`spirimlik da`wirinde do`retiwshilik uqıplılıqtı rawajlandırıwdın` psixologiyalıq o`zgeshelikleri**

**Mazmunı.**


| | | |
|---|---|---|
| | **Kirisiw** | 3 |
| **I -Bap** | **O'spirimlerdin` do`retiwshilik uqıplılıqlarının` psixologiyada u`yreniliwi………………………………** | 8 |
| 1.1 | Do`retiwshilik uqıplılıqlardın` a`debiyatlardag`ı analizi…... | 8 |
| 1.2 | Uqıplılıq ha`qqında tu`sinik……………………………... | 18 |
| 1.3 | O`spirimlik da`wirinin` psixologiyalıq o`zgeshelikleri. | 23 |
| **II-Bap** | **O'spirimlerdin` do`retiwshilik uqıplılıqların a`meliy jaqtan u`yreniw………………………………………..** | 31 |
| 2.1 | O'spirimlerdin` do`retiwshilik uqıplılıqların bahalaw usılları ha`m kriteriyaları………………………………. | 31 |
| 2.2. | O`spirimlerdin` do`retiwshiilik uqıplılıqların anıqlawshı metodlar…………………………………………………. | 42 |
| | Juwmaqlaw…………………………………………………. | 51 |
| | Usınıslar……………………………………………………. | 53 |
| | A`debiyatlar………………………………………………... | 54 |

## Kirisiw

G`a`rezsizlike erisken O‘zbekistannın` sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwında xalqımızdın` turmısı, ma`mleketimizdin` siyasiy xızmetinde tu`pten o`zgerisler a`melge asırılmaqta. G`a`rezsizlik sebepli, xalqımız o‘zinin` ullı keleshegin jaratpaqta. Onı jaratıwda ullı babalarımız–ullı pedagog – filosoflar, din a`rbapları, ta’liymatların u`yreniw arqalı jol ashıldı. A`sirler dawamında xalqımız saqlap kiyatırg`an milliy, ulıwma insanıy qadriyatlardı ilimiy izertlewge, rawajlandırıwg`a jan`a imaniyatlar jaratıldı.

Ma`mleket rawajlanıwı ha`m ja`miyettin` gu`llep jasnawı ha`r ta`repleme onın` intellektual potensialı menen belgilenedi. Cebebi, ilimiy potensialı joqarı da`rejede rawajlang`an ma`mleket barlıq tarawlarda ba`rqulla aldında boladı. Respublikamız Prezidenti I.A.Karimov aytıp o`tkenindey, Watanımız keleshegi reformalardın` ta`g`diri ha`m olardın` na`tiyjeleri, xalqımızdın` bilim da`rejesi da`wir talabına ha`m rawajlanıwına qa`nshelli say ekenligine, qanday qa`nigeler jetkerip beriw, ornımızdı iyelewge baylanıslı. Sonın` ushın ma`mleketimiz basshıları ta`lim sitemasın tu`pten o`zgertiwge u`lken itibar qaratıp atır. Sonlıqtan, joqarı da`rejeli kadrlar tayarlaw ma`mleket siyasatı da`rejesine ko`terilmekte.

Joqarı da`rejeli qa`nigeli kadrlardı tayarlawg`a erisiw ushın ta`lim protsessin sho`lkemlestiriw ha`m basqalardın` o`zine ta`n talapları bar:

Birinshiden, o‘qıwshı-talabalardın` ka`siplik bilimlerin o`zlestiriw da`rejesi ma`mleket tarmaq ta`lim standartları talaplarına saylıg`ın ta`miyinlew.

Ekinshiden, oqıwshı-talabalardın` erkin do`retiwshilik aktivligin ma`mleketlik ta`lim standartlarında belgilengen bilim, ko‘nlikpe ha`m sheberlikleri shen`berin tolıq qamtıp alıwg`a erisiw.

Sonday-aq, ma`mleketlik ta’lim standartlarında belgilengen bilim, ko‘nlikpe ha`m sheberlikleri shen`berinen tısqarı fundamental ha`m xabar texnologiyalarına ta`n bilimlerdi o`zlestiriw ha`m ilimiy izertlewler alıp barıw ko‘nlikpelerine iye bolıw menen joqarı qa`nigeli kadrlardı tayarlaw sha`rtleri esaplanadı.

Uzliksiz ta’limnin` xızmet ko`rsetiw printsiplerinen birii, ta’limnin` u`stemlgi –onın` rawajlanıwının` birinshi da`rejeli a`hmiyetke iye ekenligi, bilim, ta’lim ha`m joqarı intellektin` na`tiyjesi esaplanadı.

“Kadrlar tayarlaw tarawındag`ı ma`mleket siyasatı insandı intellektual ha`m ruwxıy-aqılıy jaqtan ta`rbiyalaw menen u`zliksiz baylanıslı bolg`an u`zliksiz ta`lim sisteması arqalı ha`r ta`repileme barkamal shaxs- puqaranı qa`liplestiriwdi na`zerde tutadı. Usı ta`rizde puqaranın` en` tykarg`ı konstitutsiyalıq huqıqlardan biri bilim alıw, do`retiwshilik uqıplılıg`ın ko`rsetiw, intellektual jaqtan rawajlanıw, ka`sibi boyınsha miynet islew huqıqı ju`zege shıg`arıladı. Ruwxıy qa`driyatlarımız rawajlanıwına u`lken itibar berilip atırılıg`anlıg`ının` sebebin O‘zbekistan Respublikasi Prezidenti I.A.Karimov to`mendegishe tu`sindirip bergenligi dıqqatqa ılayıq: «Biz musılman dini haqqında aytqanımızda da`slep, Alla ha`m onın` Rasulin, o‘zimizge ruwxıy jaqın bolg`an ullı danıshpanlarımız, ullı imamlarımızdı ko`z aldımızg`a keltiremiz. Mine usı qutlı ma`kanımızda tuwılıp kamalg`a kelgen, muba`rek atların pu`tin islam dunyası sheksiz hu`rmet penen tilge alatug`ın Imam al-Buxariy, Imam at-Termiziy, Xoja Baxauddin Naqshband, Axmad Yassaviy, Abdulxoliq G`ijduvoniy, Zamaxshariy sıyaqlı ulamalarımızdı na`zerde tutamız.

O‘zbekistan Respublikası Prezidenti I.A.Karimov aytıp o`tkenindey, ruwxıy-ag`artıwshılıq reformalar ma`mleket siyasatının` tiykarı aldın`g`ı bag`darlarının` biri esaplanadı. Milliy qadriyatlardı, urip-a`detlerdi, tariyxıy, ma`deniy, ag`artıwshılıq miyraslardı tiklew ulllı oyshıllarımızdın` ta`liymatların u`yreniw, pedagogikalık ilimiy-teoriyalıq jaqtan analiz qılıw, sonın` tiykarında tuwılg`an pikir ha`m usınıslardı jas a`wladtın` sanasına sin`diriw, jurtımızda ta’lim-ta`rbiya islerin durıs jolg`a qoyıw ushın dunyalıq ta`lim jetiskenliklerin bahalaw menen birge ruwxıylıq du`n`yasının` muqaddes kitabı ha`m shıg`armaları, ilim g`ayratkerleri shıg`armalarınan ken` paydalanıw lazım

**İzertlew jumısımızdın` predmeti.** O`spirimlik da`wirinde do`retiwshilik uqıplılıqtı rawajlandırıwdın` psixologiyalıq o`zgesheliklerin u`yreniw.

**İzertlew jumısımızdın` maqseti:** O`spirimlerdin` do`retiwshilik uqıplılıg`ın rawajlandırıwdın` psixologiyalıq o`zgesheliklerin a`meliy ta`jiriybeler tiykarında u`yreniw. Intellektual do`retiwshilik uqıplılıg`ın rawajlandırıw jumısların ta`rtipke salıw; jaslardın` intellektual do`retiwshilik da`rejesin rawajlandırıwshı psixologiyalıq-pedagogikalıq sho`lkemlestiriwshilik metodikalıq tiykarların jaratıw.

**İzertlew jumısımızdın` wazıypaları**

Beliglengen maqsetlerdi a`melge asırıw ushın to`mendegi wazıypalardı belgilep aldıq:

1. Talantlı oqıwshı-jaslardı izlew mexanizmi, psixologiyalıq-pedagogikalıq, sho`lkemlestiriwshilik-metodikalıq tiykarların sho`lkemlestiriwshilik-metodikalıq jumıslarının` tiykarların jaratıw boyınsha kemshiliklerdi anıqlaw.
2. Intellektual do`retiwshilik da`rejesin arttırıwda tarbiya protsessinin` o`zgesheliklerin u`yreniw.
3. Oqıwshılardın` erkin xızmet tu`rlerin u`yreniw.
4. Oqıwshılardın` ruwxıy intellektual do`retiwshilik uqıplılıqların qaliplestiriw dereklerin jaratıw.
5. Oqıwshılardın` intellektual do`retiwshilik da`rejesin arttırıw usılların islep shıg`ıw.

**İzertlew jumısımızda to`mendegi metodlardan paydalanıldı:**

- Temag`a baylanıslı ilimiy-filosofiyalıq, psixologiyalıq –pedagogikalıq, tariyxıy a`debiyatlar, oqıw metodikalıq qollanbalardı ilimiy psixologiyalıq-pedagogikalıq jaqtan analiz etiw:
- Uqıplılıqtı anıqlawshı metodlar.

**İzertlew jumısımızdın`obekti.** O`spirimlik da`wirindegi oqıwshılar.

**İzertlew jumısımızdın` metodologiyalıq tiykarı.**

Barkamal-do`retiwshi shaxstı qa`liplestiriwdin` metodologiyası bul kadrlar tayarlaw milliy modeli tiykarg`ı tu`sinik ha`m printsiplerin analiz qılıw, olardı a`meliyatqa engiziw protsesslerin ilimiy jaqtan u`yreniw, o‘zertiw usılları

kompleksi, degen tu`sinik payda boladı. Bunın` menen metodologiya tusinigine ta`n bolıp kelgen teoriyalıq a`meliylik penen baylanısadı. Sonday-aq,

Shıg`ıs oyshıllarının` shaxstı qa`liplestiriw haqqındag`ı filosofiyalıq ta`liymatları, aqılıy qarasları, ulıwmainsanıy ha`am milliy qadriyatlar, pedagogika ha`m psixologiya tarawındag`ı aldın`g`ı ta`jiriybeler, O‘zbekistan Respublikasi Prezidenti I.A. Karimov shıg`armaları ha`m sonın` tiykarında jaratılg`an ko`plegen monografiyalıq izertlewler metodologiyalıq tiykar boldı. Bunnan tısqarı ta`rbiya psixologiyasi mashqalası sheshiminde sotsial ortalıqtın` a`hmiyetine bag`ıshlang`an qararları, pa`rman ha`m normativ hu`jjetleri de ilimiy izertlew jumısına tiykarg`ı derek bolıp xızmet qıldı.

**İzertlew jumısımızdın` ilimiy jan`alıg`ı.**

Ta`rbiya psixologiyası sheshiminde sotsial institutlar xızmetinde jaslarda za`ru`r minez-qulıq ha`m a`detti qa`liplestiriw ilimiy- pedagogikalıq mashqala sıpatında tiykarlanadı, sotsial ortalıq, sotsial institut tusinikleri sa`wlelendi, olardın` rawajlanıw tariyxı u`yrenildi, rawajlanıw da`rejelerin belgilewshi kriteriyalar anıqlandı ha`m faktorları ilimiy jaqtan bir sistemag`a keltirildi. İzertlew na`tiyjeleri tiykarında, jaslarda do`retiwshilik uqıplılıq ha`m intelektual da`rejeni qa`liplestiriw boyınsha ilimiy- psixologiyalıq ha`m metodikalıq usınıslar o`cpirimlerdin` psixikalıq rawajlanıwındag`ı sotsial ta`sirlerdin` ta`lim-ta`rbiyalıq na`tiyjeliligin arttırıw imkaniyatın beredi. İzertlew jumısında ilgeri qoyılg`an pikir-usınıslar olar ortasında ta’lim-ta`rbiyalıq jumıslarda a`meliy da`stu`r bolıp, jaslar xızmeti mehanizmin islep shıg`ıwda a`hmiyetli qollanba sıpatında xızmet etedi.

Bul izertlew jumısı na`tiyjesi boyınsha islep shıg`ılg`an usınıslar, juwmaqlardan Respublikanın` qala ha`m rayonlarında, maha`lle, ka`rxana ha`mde jo`qarı ha`m orta arnawlı oqıw orınlarında jaslar menen alıp barılıp atırg`an jumıslar protsessine engiziwde o`zinin` na`tiyjeli na`tiyjelerin beriwi mu`mkin.

İzertlew na`tiyjelerin a`meliyatqa engiziw**.** İzertlew jumısının` ilimiy juwmaqları ha`m na`tiyjeleri A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik

pedagogikalıq institutı pedagogika fakulteti pedagogika ha`m psixologiya ta`lim bag`darı talabalarının` pedagogikalıq a`meliyatı da`wirinde, kafedrada o‘tkerilgen turli seminar ha`m jıynalıslarda a`melge asırıldı.

**Bakalavr pitkeriw qa`nigelik jumısının` du`zilisi**. Jumıs, kirisiw, 3 bap 8 paragraf, juwmaqlar ha`m usınıslar, paydalanılg`an a`debiyatlar diziminen ibarat.

## I- BAP. O'spirimlerdin` do`retiwshilik uqıplılıqlarının` psixologiyada u`yreniliwi.

### 1.1. Do`retiwshilik uqıplılıqlardın` a`debiyatlardag`ı analizi.

Do`retiwshilik uqıplılıqlar mashqalası psixologiya pa`ninde qızıqlı ha`m belgili da`rejede izertlenegen mashqalalardan biri. Bul mashqala boyınsha burınnan tap ha`zirgi ku`nge shekem izleniwler alıp barılg`an.

Insannın` imkaniyatların u`yreniwge shıg`ıs oyshılları (Farabiy, Beruniy, Abu Ali ibn Sino), Rossiya psixologları (B.M.Teplov, B.G.Ananev, N.V.Kuzmina, S.L.Rubinshteyn, A.G.Kovalev, V.N.Myasishev), Batıs alımları (A.Bine, T.Simon, F.Galton, V.Shtern, U.Ollport, K.Rodjers) sıyaqlılar u`lken u`les qosqan. Bul mashqala u`stinde O`zbekistan psixolog alımları (E.G'oziey, R.Gaynutdinov, M.G.Davletshin, B.R.Qodirov, V.A.Tokareva ha`m basqalar) da izleniw jumısların alıp barg`an.

B.M.Teplovtın` pikirinshe, muzıkalıqtın` tiykarın ko`rsetip turatug`ın na`rse muzıkanı seziw, sonday-aq muzıkanı emotsional seze alıwshılıq muzıkalıq uqıplılıqtın` tiykarg`ı mazmunı esaplanadı.

B.M.Teplov muzıkanın` sitemasın ko`rip shıg`adı ha`m to`mendegilerdi kiritedi: muzıkanı estiw o`zgesheligi, muzıka ritmi ha`m muzıkalıq este saqlaw. Matematikalıq uqıplılıqlar u`stinde V.A.Krutetskiy islegen. Olardan ol "Matematikalıq uqıplılıqlar psixologiyası" monografiyasında matematikalıq uqıplılıqlar ha`m olardın` sistemasın ken` jarıtıp bergen. Ol qabıl etiw, oylaw, este-saqlaw-qıyaldın` individual o`zgesheliklerin anıqlap, olardı matematikalıq xızmette ko`riniwin (matematikalıq o`zlestiriwde) izertlegen. Matematikalıq materialdı o'zlestiriwde qabıl etiwdin` a`hmiyetin anıqlag`an V.A.Krutetskiy uqıplılıqtı oqıwshılarda o'zine ta`n materialdı "ishki" analitikalıq –sintetikalıq analiz qılıw, qayta islew o`zgesheligi, "ornında" ma`selenin` sistemasın qabıl etip, onın` tiykarg`ı muna`sebetlerin ashadı dep esaplaydı. Matematikag`a ayrıqsha talantı bar bolg`an oqıwshılar o`zine ta`n "matematikalıq aqıl" menen xarakterlenedi – olar barlıqtın` logikalıq ha`m matematikalıq mazmunın taba

aladı, olardag`ı logikalıq ha`m matematikalıq kategoriyalardı anıqlaydı, ko‘binese ha`diyselerdei matematikalıq muna`sebetler teoriyası arqalı qabıl etedi. Su`wretlew sanaatına ta`n uqıplılıqlardı V.I.Kirienko u`yrengen.Onın` “Su`wretlew xızmet uqıplılıqları psixologiyası” kitabında su`wretlew uqıplılıg`ının` psixologiyalıq analizi berilgen. Su`wretlew xızmette qabıl etiwdin` o`zgesheliklerin u`yreniw protsessinde V.I.Kirienko su`wretlew sanaatta uqıplılıq ha`diyselerin bir pu`tin ha`m sintetikalıq ko`riniste qabıl etiwde payda bolıp, ol ko`rkem tiykarg`ı mazmunı ekenligi haqqındag`ı juwmaqqa keldi. Su`wretlew xızmetindegi uqıplılıqlardan biri proporsiyalarg`a baha beriw esaplanadı. Ja`ne bir su`wretlew uqıplılıg`nın` xarakterli ta`repi ren`ler muna`sebetin bahalay alıw ha`m perspektiv qısqartırıwlarg`a baha beriw esaplanadı. Perspektiv qısqartıwlarg`a baha beriw – su`wretlew sanaatının` tiykarg`ı wazıypalarınan biri ha`m onı durıs sheshiliwi su`wretlew sanaatındag`ı uqıplılıqlarının` tiykarg`ı ko`rinisi. Ko`rkem do`retiwshilik protsessinde ko`riw ko`z aldına keltiriw qarasları u`lken a`hmiyetke iye. Qanday da bir materialdı alıp onı an`lang`an ha`m maqsetke bag`darlang`an do`retiwshilik arqalı ko`rkem obraz ju`zege keledi ha`m predmettin` o‘zine ta`n o`zgeshelikleri payda boladı. A.G.Kovalev su`wretlew xızmette tiykarg`ı tayanısh sıpatında - qollardın` shaqqanlıg`ı dep esaplaydı. Bunnan tısqarı do`retiwshilik uqıplılıqlardın` payda bolıwında da insannın` emotsional keypiyatı za`ru`r a`hmiyetke iye. Sho`lkemlestiriwshilik uqıplılıqları uzaq waqıt L.I.Umanskiy u`yrengen[13]. Avtor sho`lkemlestiriwshilik uqıplılıg`ının` sistemasın jaratadı. Onın` pikirinshe sho`lkemlestiriwshilik uqıplılıg`ına iye bolg`an adamlar to`mendegi o`zgesheliklerge iye bolıwları kerek:

a) shaxstın` bag`darlang`anlıg`ı:

b) onın` tayarlıg`ı:

v) ulıwma o`zgeshelikler (kirisimlilik, rawajlanıwdın` ulıwma da`rejesi, a`meliy aqıl, baqlawshan`lıq, aktivlilik, turaqlılıq, sho`lkemlestiiwshilik, o‘z-o‘zin basqara alıw).

g) arnawlı o`zgeshelikler sho`lkemlestiriwshilik, psixologiyalıq oylap tabıwshılıq, psixologiyalıq takt: emotsional - erklik ta`sir etiw, talapshan`lıq, kritkalılıq, sho`lkemlestiriwshilik xızmetine meyillik):

d)shaxsıy individual o`zgeshelikler.

Biz balalardı oqıtıw ha`m ta`rbiyalawdın` en` za`ru`r teoriyalıq ha`m a`meliy ta`replerin biliwimiz kerek. Bunın` ushın da`slep, to`mendegi psixologiyalıq – pedagogikalıq mashqalalardı tu`sinip alıwımız kerek:

-oqıwshı shaxsının` psixologiyalıq rawajlang`anlıq da`rejesi;

-oqıwshı shaxsının` qa`liplesiwi ha`m oqıw miynet xızmeti mazmunı;

-oqıwshı shaxsı ta`biyatının` xarakteristikası ha`m sotsial-psixologiyalıq o`zgeshelikleri.

Bul mashqala boyınsha shet eller ha`m de Respublikamızda bir qatar alımlar jumıs alıp barg`an. Ziyrek balalar psixologiyası mashqalası boyınsha psixologlar D.J.Gilford, P.Torrensa, F.Barrona, K. Teylor, D.J. Kerrol ha`m B. Blum ziyrek oqıwshılar ta`lim o`zgeshelikleri boyınsha J.Bryuno, orıs psixologları Matyushkin M.A., Shumakova N.B., Chistyakova G.D., Yurkevich V.S. Sonday-aq J.Piaje, E.Torndayk, D.J.Uotson, F..Galton, A.Anastazi, A.Bine, T.Simonlar ha`m bala psixikalıq rawajlanıwında ta`limnin` ornı, olardın` aqılıy o`zgesheliklerin, da`stu`rli ta’lim, ko’nlikpe ha`m sheberliklerdin` a`hmiyetin, shınıg`ıwlardın` ornın ilimiy-a`meliy tiykarlap beriwde za`ru`r orın iyeleydi. Bul ta`liymatlar ha`zirgi kunde de o`zinin` a`hmiyetin saqlap qalmaqta. Ziyrek balalar bolalar psixologiyası mashqalası, za`ru`r mashqalalarg`a ta`n qatar ilimiy –a`meliy izertlewler pedagog ha`m psixolog alımlar ta`repinen alıp barılmaqta. Bul mashqalalar ha`zirgi zaman pa`n`inin` metodologiyalıq printsipleri tiykarında, jaqın ha`m uzaq shet ma`mleketlerde alıp barılg`an ilimiy izertlewlerdin` tabısları ha`m ideyaları haqqındag`ı mag`lıwmatlarg`a iye bolg`an halda o`zinin` mu`na`sip ornın iyelep barmaqta. Bul boyınsha M.G.Davletshin oqıwshılarda texnikalıq qızıg`ıwshılıqlar, uqıplılıqlardın` qa`liplesiwi jaslar miynet ta`limi ha`m ka`sipke bag`darlaw, kadrlar tayarlaw na`tiyjeliligin artırıw jas ha`m pedagogik alıq psixologiya, uqıplılıq

psixologiyası sıyaqlı ma`selelerdi ken` jarıtıp barıw imkaniyatına iye boladı. E.G’oziyev ta’lim protsessinde oylawdın` rawajlanıwı, olardın` rawajlanıwı, o’qıw xızmetin basqarıw, ka`mil insan ta`rbiyasının` psixologiyalıq mashqalaların, B.R.Qodirov jaslardın` individual o`zgeshelikleri, olardın` xızmetke bag`darlanıwları, uqıplılıq ha`m birlemshi uqıplılıqlardın` qa`liplesiwi, ziyrek oqıwshılardın` o`zgesheliklerin, ka`sip tan`law ha`m basqa u`lken mashqalanı ilimiy jaqtan tiykarlap berdi. O’zbekistanlıq psixologlar da psixologiyanın` rawajlanıwında bir qansha ilimiy izertlew jumısların alıp bardı. P.I.Ivanov psixologiyanın` ulıwma ma`seleleri, psixikalıq ha`diyselerdin` balalarda rawajlanıwı, ta’lim psixologiyası tarawında (“Ulıwma psixologiya”, “Ta’limnin` psixologiyalıq tiykarları”) M.G.Davletshin “Qobilyatlarni rivojlanishi” , “Texnik qizizishlar”, “Qizizish va ta’lim”, sıyaqlı ko`plegen ilimiy-metodikalıq qollanbalar, M.Vohidov “Bolalar psixologiyasi”, E.G’oziyev “Tafakkur psixologiyasi”, “Xotira psixologiyasi”, “Shaxs Psixologiyasi”, B.Qodirov “Qobilyat va iqtidor”. Ziyrek balalar ushın ta`lim formaları AQShda ziyreklik diagnostikası ha`m oqıtıw usılların islep shıg`ıw boyınsha ken` ta`jiriybe toplang`an, arnawlı oqıw da`stu`rleri islep shıg`ılg`an, olar menen ta’lim –ta`rbiya alıp baratug`ın oqıtıwshılar arnawlı tayarlıqtan o`tedi. Bul xızmette ta`lim ministrligi, pa`n, universitetler, kollejler, ma`ha`lliy ha`kimiyat wa`killeri ken` qamrap alınadı. Avstriyada ha`r bir okrugta ziyrek balalar ushın arnawlı da`stu`rler islep shıg`ılg`an. Mektep ha`m mektepten tısqarı ilajlar sho`lkemlestirilgen. Arnawlı konkurslar, viktorinalar, olimpiadalar tez-tez o’tkerilip turıladı. Ziyrek balalar menen islesiwshi oqıtıwshılar tayarlawg`a itibar qaratıladı. Ullı Britaniya nızamshılıg`ında ziyrek balalar kategoriyaları kiigizilmegen, biraq a`piwayı klasslarda ziyrek oqıwshılardı qollap quwatlaw isleri aktiv alıp barıladı. Ha`r bir mektep ziyrek oqıwshılardı rawajlanıwına arnawlı ja`rdem fondı ajıratıladı.

Belgiya, Gretsiya, Irlandiya, Italiya, Partugaliya, Fransiya, Shvetsiya, Daniya, Norvegiyada ziyrek balalarr universitetler qasındag`ı arnawlı mektepler ko`rinsinde ashılg`an, Germaniyada jazg`ı “Nemis mektep akademiyası” lageri

ziyrek balalardın` uqıplılıqların rawajlandırıw, qatarları menen o`z ara mu`na`sebetlerin durıs jolg`a qoyıw maqsetinde ashıladı. Xıtay, Koreya, Tayland ha`m Singapurda ziyrek balalar ushın arnawlı ta`lim ko’zde tutılmag`ana, biraq ha`r bir universitet qasında quramalasqan da`stu`r tiykarında oqıtılatug`ın mektepler bar. Ziyrek oqıwshılar menen islewde ha`r bir mektep qasında oqıwshılar ziyrekligin rawajlandırıwg`a qaratılg`an do`gerek ashılg`an. Jas alımlar toparı ta`repinen (D.J.Gilford, P.Torrens, F.Barron, K.Teylor)-ziyreklik mashqalasın individual ayırmashılıqların u`yreniw boyınsha psixologiyada teoriyalıq ha`m a`meliy izertlewler alıp barıp, olar menen alıp barılatug`ın ta’lim da`stu`rleri ha`m rejeler islep shıqtı. O’tken a`sirdin` 70-jıllarına barıp individual ayırmashılıqlar psixologiyası psixologiya pa`ninin` ayrıqsha ta`rmag`ına aylandı. O’tkerilgen izertlewler o`z mu`ddetlerinde a`meliyatqa engizile basladı. Psixologiyada jan`a tarmaq ziyrek, biraq oqıwda o`zlestire almaytug`ın balalardı u`yreniwde, olardag`ı ziyrekliktin` rawajlanıwın tosıp qoyıwshı faktorlardın` balalarda u`yreniw ha`m ziyrek balalarg`a ja`rdem beriw metodları islep shıg`ıla basladı. D.J.Gilfor, P Torrens, F.Barron, K.Teylor) ziyreklik mashqalasının` individual ayırmashılıqların u`yreniw boyınsha psixologiyada teoriyalıq ha`m a`meliy izertlewler alıp barıp, olar menen alıp barılatug`ın ta`lim da`sturleri ha`m rejeler islep shıqqan. O’tken a`sirdin` 70-jıllarına barıp individual ayırmashılıqlar psixologiyası psixologiya pa`ninin` ayrıqsha tarmag`ına aylandı. O’tkerilgen izertlewler o`z mu`ddetlerinde a`meliyatqa engizile basladı. Psixologiyada jan`a tarmaq ziyrek, biraq oqıwda o`zlestire almay atırg`an balalardı u`yreniwde, olardag`ı ziyrekliktin` rawajlanıwı ushın tosqınlıq etiwshi faktorlardın` balalarda u`yreniw ha`m ziyrek balalarg`a psixologiyalıq ja`rdem beriw metodların islep shıg`ıla baslandı. D.J.Gilfor izertlewleri sonnı ko`rsetedi ziyrek balalar o`zlerinin` ziyrekligin doslarınan jasırıwg`a, bunın` na`tiyjesinde olarda awır keshiwshi depressiya jag`dayının` kelip shıg`ıwı baqlang`an. Ta’limde differensial jantasıwdın` izertlenbewi na`tiyjesinde, ortasha oqıwshılarg`a salıstırg`anda alıng`an talaplar na`tiyjesinde, olarg`a salıstırg`anda basqa qatarları ta`repinen unamsız

mu`na`sebetlerdin` qa`liplesiwi sebepli 80-jıllardın` baslarında ziyrek balalardın` talantı ha`m o`zgesheliklerin u`yreniw, rawajlandırıw ha`m keleshektegi imkaniyatların shamalaw maqsetinde u`lken xalıq aralıq proekt islep shıg`ılg`an. AQSHda ziyrek balalardın` liderlik sıpatların ta`rbiyalaw arnawlı oqıw kursları sho`lkemlestirilgen. AQSH ta'lim sistemasında differensial ta'lim teren` o`zlestiriliwi kerek bolg`an temalardın` bir neshe variantında beriliwi, a`meliy ma`sele ha`m shınıg`ıwlardın` tu`rli quramalılıqta du`ziliwi tapsırılg`an.

Oqıwshı shaxsının` psixologiyalıq jaqtan rawajlang`anlıq da`rejesin tolıq jarıtıp beriw ushın biz onın` rawajlanıw o`zgeshelikleri boyınsha belgili bir mag`lıwmatlarg`a iye bolıwımız za`ru`r. Insannın` fiziologiyalıq ha`m ruwxıy jaqtan rawajlanıwı bala jasının` da`wirlerge bo`liwdin` tiykarı bolıp xızmet etedi.

Insan rawajlanıwı – bul onın` ag`zalarının` mug`dar ha`m sıpat jag`ınan o`zgeriw protsessii bolıp esaplanadı. Rawajlanıw na`tiyjesi – adamnın` ha`m biologiyalıq ha`m sotsial barlıg`ı. Biologiyalıq rawajlanıw bul o`zinde nsan ag`zalarının` bioximiyalıq, fiziologiyalıq ha`m morfologiyalıq jaqtan o`zgerislerin, insan sanasının` ruwxıy ha`m aqılıy kamalatqa erisiw protsessii esaplanadı. Materialistlik filosofiya ta`liymatı ko`z-qarasınan, rawajlanıw – bul iri materiya bolıp, materiya ha`reketinin` o`zine ta`nligi. Bul ha`rekette eskileri o‘lip, jan`aları payda bola beredi.

Insan rawajlanıwı ju`da` quramalı ha`m keskin protsess esaplanadı. Insan rawajlanıwı boyınsha bir qatar ilimiy teoriyalar bar. Ma`slen, psixolog alımlar – M.G.Davletshin, G‘.Shoumarov, E.G‘oziev, Z.Nishonova, V.Karimova ha`m basqalar joqarı psixologiyalıq o`nimnin` ma`deniy-tariyxıy rawajlanıw teoriyasın ilgeri su`redi. To`mende usı teoriyanın` tiykarg`ı ta`replerin ko`rip shıg`amız:

1. Ha`zirgi zaman shaxsının` ruwxıyatı ha`m hulqı eki protsess mu`na`sebetlerinin` biologiyalıq jetilisiw ha`m biliw na`tiyjesi bolıp esaplanadı,

ha`r eki protsess te bala du`nyag`a keliwi menen payda boladı ha`m rawajlanıw jolında bir-birewleri menen a`meliy ra`wishte uyg`ınlasadı.

2. Ha`r qanday ruwxıy azıq o‘z genii boyınsha tuwma, ta`biuiy yaki bolmasa ma`deniya boladı.

3. Belgi ha`m qurallardan paydalanıw u`lkenler ta`repinen balalarg`a da`slep mu`na`sebet ha`m birgeliktegi haqıyqıy xızmetin sho`lkemlestiriw waqtında ko`rsetiledi.

4.Tariyxıy-ma`deniy protsesste insan turli tu`rli qurallardı jarattı, olardın` ishinen en` tiykarg`ıları miynet quralları, til ha`m sanaw sistemaları bolıp, insan olardan paydalanıw sırların u`yrenip aladı.

5.Jazıwdan paydalanıw tu`rleri insan qabıl etiwden tartıp tap pikirley alıw wazıypasın atqara basladı. Adamlar ta`repinen tu`rli tariyxıy da`wirler ha`m sotsial quraldın` eki turi oylap tabıldı. Ol birinin` ja`rdeminde (miynet quralı) ta`biyatqa ta`sir ko`rsetse, basqası (belgiler sisteması) menen o`zine ja`rdem beredi.

6. Miynet qualları ha`m tanıs sistemalardın` a`meliy xızmetinde qollanıwı adamnın` tikkeley ruwxıy protsessine o`tiwdin` baslanıwı. Yag`nıy, bashqarıw quralı sıpatında tap usı qurallar ha`m belgiler iske tu`sedi.

7. Ta’lim alıw balag`a o‘z hulqı (xızmeti) ha`m ruwxıy protsessler (xat este saqlawdı jaqsılaw, onın` imkaniyatların ken`eytiw, so‘z bolsa qabıl etiw ha`m dıqqattı basqarıw quralı)n qural yaki belgiler ja`rdeminde basqarıwda ta`jiriybedey bolıp tu`yiledi.

8.Qurallar ha`m belgiler da`slep basqalardın` minez-qulqın basqarıw quralı bolıp, keyinala balalardı ta`rbiyalaw quralına aylanadı.

Ataqlı psixolog alım S.L.Rubinshteyn insan rawajlanıwı boyınsha o‘zine ta`n jantasıwdı ilgeri su`redi. Onda tiykarınan insan ta`lim ha`m ta`rbiya protsessinde ju`z beretug`ın ta`sirlerge tayar halda tuwıladı eken. Sonın` ushın balalar u`lkenler ta`sirinde rawajlanıp, insaniyat jaratqan ma`deniyat mazmunın iyelep baradı. Bala rawajlanbaydı da, ta`rbiyalanbaydı da, kerisinshe, ta`rbiyalanıp ha`m o`sip rawajlanadı, ya’g`nıy balanın` jetilisiwi ha`m

rawajlanıwı ta’lim ha`m ta`rbiya protsessinde ko`rinedi, ha`mde qa`liplesip baradı.

Rawajlanıw ha`m ta`lim, rawajlanıw ha`m ta`rbiya birligine tiykarlang`an protsesslerdin` bir-birine sıyısıp ketiwi jalg`ız sistemanı quraydı, onda sebep ha`m aqıbet toqtawsız qurıladı, ba`lki jetilisiw og`an fundament jaratadı ha`m o`zi de jetilisiw ha`m rawajlanıwg`a faktor boladı, ta’lim alıw protsessinde balanın` uqıplılg`ı payda bolıp qalmastan, qa`liplesip te baradı. Tap sonday, ta`rbiya ha` ta`lim protsessinde ju`z beretug`ın qa`liplesiw ha`mo`zgerisler sebepli insan xarakteri qarar tabadı. Balanın` ruwxıy o`zgesheligi belgili bir sha`rt-sha`rayat, sonday-aq, ta’lim ha`m ta`rbiya protsessinde ju`z beretug`ın rawajlanıwdın` na`tiyjesi de boıp esaplanadı. Qolay sha`rayattın` bar ekenligi balanın` rawajlanıwında unamlı na`tiyjelerge alıp keledi.

Rawajlanıw protsessinin` ha`r bir o`tiw da`wiri to`mendegishe u`sh nızamlı almasıwlar tiykarında ju`zege keledi:

1. Xızmet alıp barıp atırg`an bul tiptin` o`z ku`shin maksimal da`rejede sarplawı ha`m en` joqarı da`rejege ko`teriliwi.

2. Xızmettin` belgilengen bir rawajlanıw da`wiri.

3. Xızmettin` toyınıwı ha`m basqa ta`replerinin` (tastıyıqlawshı ha`m kommunikativ) aktivlesiwi.

Eger o`cpirimler do`retiwshilik uqıplılıg`ın rawajlandırıwdag`ı jetekshi xızmetin anıqlap, og`an sotsial psixologiyalıq ta’sirlerdin` o‘zine ta`nliginen kelip shıg`ıp to`endegilerdi tiykarlap beriwimiz mu`mkin.

1. Balanın` da`slepki, ya’g`nıy, bir-ush jaslardag`ı xızmetinde sotsial-ma`deniya maqsetlerge tolıq bag`darlanbag`an tu`rli oyınshıqlar ha`m a`tirapındag`ı na`rseler menen jubatılıwı ha`m u`lkenler menen o`z-ara to`men mu`na`sebeti.

2. Oyın xızmetinde sotsial ha`diyselerdi an`latıwshı ha`m qatnasıwshılardın` tımsalı formasındag`ı xarakterli ta`repleri.

3. Oqıw- u`yreniw xızmeti – oqıw ha`m kishkene mektep jas da`wirinde (altı-jeti ha`m on-on bir jasqa shekem) ustinlik qılıwshı o‘zara muna`sebetlerdi qosıp alıp barıw.

4. Balalar rawajlanıwında anıq ko‘zge taslanıwshı eki da`wir bar. Olardan birinshisi, da`slepki balalıq da`wirinen mektepke shekemgi bolg`an da`wir bolıp "ush jıllıq krizis dep atalsa, ekinshi kishi mektep jasındag`ı da`wir bolıp, o‘spirimliike shekem bolg`an "o‘spirimlik da`wirdin` krizisi" dep ataladı.

Ruwxıy protsessler ha`m bala ruwxıyatındag`ı o`zgerisler, olardan, dıqqat ha`m este saqlaw da`rejesi, oylaw o`zgeshelikleri, so`z baylıg`ı ha`m de so`zdin` rawajlang`anlıq da`rejesi ha`m basqalar ruwxıy psixologiyalıq rawajlanıwg`a tiyisli.

Texnikalıq uqıplılıqlar mashqalası senen M.G.Davletshin shug‘ıllang`an. Texnikalıq uqıplılıqlar sistemasında avtor ja`rdemshi, tayanısh ha`m jetekshi sıpatın ajıratadı. Texnikalıq uqıplılıqlardın` tayanısh sıpatı – texnikalıq baqlawshılıq bolıp esaplanadı. Jetekshi sıpatqa texnikalıq oylaw ha`m texnikalıq qıyaldı kiritiw mu`mkin (texnikanı tusiniw, texnikalıq ma`slelerdi analiz qıla alıw, ken`islik ko`z-qaraslarının` anıqlıg`ı, forma ha`m aralıqtı este alıp qalıw, konstruktiv fantaziya). Ja`rdemshi sıpatqa qol (manual) epshilligin kiritiw mu`mkin.

Belgili, turli adamlardı bir qıylı sha`rayatqa ha`m jag`daylarg`a qoyılg`anda olar turli jetiskenliklerge erisedi. Bunday paytlarda "do`retiwshilik uqıplılıqlar" tusinigine su`yenemiz ha`m jetiskenlik tiykarın do`retiwshilik uqıplılıq dep tu`sinemiz. Bul tusinikten ayırım adamlardı jan`alıqtı basqalardan go`re tezirek ha`m jaqsıraq o`zlestirilgende de paydalanamız. Uqıplılıq ma`selesindegi oraylıq mashqala onın` tuwmalıg`ı esaplanadı. Platon insan uqıplılıqları tuwma ekenligin aytqan ha`m insan bilgen barlıq na`rse onın` ideal bilimler dunyasında bolg`an waqtınan eslewler bolıp esaplanadı, dep shamalag`an. Ataqlı tabiattanıwshı Charlz Darvinnin` jiyeni Frensis Galton o‘zinin` birinshi kitabı «Talantning tug‘maligi, uning qonuniyatlari va oqibatlari» (1869), sonday-aq, basqa kitaplarında aytıwınsha, ullılıq ha`m talant

a`wladtan-a`wladqa beriledi, sırtqı ortalıq faktorı bolsa bunda sezilerli rol atqarmaydı.

Ataqlı polyak pianinoshısı Igaatsiy Paderevskiy, kerisinshe, o‘zinin` a`jayıp pianinoshılıq jetiskenliklerinin` sırı nede ekenligi haqqındag`ı sorawg`a juwap bere otırıp bılay deydi: «Bir payız talant, to‘g`ız payız a`wmet ha`m 90 payız miynet». Amerikalı oyshıl Tomas Edisonnın` ullılıq - bul 99 payız miynet ha`m bir payız ilham degen so‘zleri bar. Amerikalı psixolog Artur Djensennin` aytıwınsha, ha`r bir adam qattı miynet protsessinde o`z uqıplılıqların tabıslı rawajlandırıwı mu`mkin. Biraq uqıplılıqlardı belgili bir shegarasına shekem, ta`biyat imkan bergenshe rawajlandırıw imkaniyatı bar. İnsan qattı ha`m pidayı miynet na`tiyjesinde ullı boıp qalmaydı, ullılıq og`an berilgen ta`biyat inamı bolıp esaplanadı. Angliyalı psixolog Gans Ayzenk o‘zinin` ko‘p jıllıq izertlewleri na`tiyjesinde sonday juwmaqqa keledi:  - “Talant jetiskenligi sistemasında genetikalıq faktorlar 80 payızdı quraydı. So`zli uqıplılıqlar, este saqlaw, eles, esapqa alıw uqıplılıqları genetikalıq tiykarg`a iye. 20 payızı sotsial sha`rt-sha`rayatlarg`a baylanıslı, olarg`a shan`araqtag`ı, mekteptegi sha`rayat, a`wmet ha`m baxıtlı tosattan bolg`an ha`diyseler kiredi. Genetikalıq ha`m sotsial faktorlardın` bul mu`na`sebetin ta`jiriybe jolı menen tekserip ko`riw qıyın.”  Galton joqarıda eslep o`tken kitabında do`retiwshiliktin` bir yaki basqa turi boyınsha uqıplılıqlar a`wladtan-a`wladqa o`tken ayırım shan`araqlardı mısal keltiredi. Atap aytqanda, Bax a`wladlarında muzıkalıq talant en` da`slep 1550 jılda baqlang`an ha`m bes a`wladtan son` g`ana I.S.Bax geninde bir qansha ku`shlirek payda boldı. Baxlar shan`arag`ında 60 qa jaqın muzıkant bolg`an; olardın` 20 g`a jaqını ataqlı dep ta`n alıng`an. Motsart a`wladları arasında 5, Gaydnda bolsa eki muzıkant bolg`an. Oqıtıwshı  o`cpirimlerdi baqlap, olardan birewleri oqıwg`a uqıbı bar, bosqaları kemirek uqıplı boladı, dep esaplar eken, bul ga`pte jan bar. Sonday boladı, ayırım balalarda jaslıg`ınan –aq do`retiwshilik uqıplılıqtın` bu`rtikleri sezilse, ayırımların o‘spirimlik jasında sırtqı ortalıq ta`sirinde payda boladı.Ya’g`nıy kishkene mektep jasınan-aq matematikag`a uqıbı boladı, biraq o‘zinin` awızeki ha`m jazba so`zin jaqsı

jetkerip bere almaydı, yaki o`spirimlik da`wirinde tillerge, a`debiyatqa, ulıwma alg`anda gumanitar pa`nlerge bolg`an uqıplılıqtı ko`rsetedi, biraq matematika, fizika, texnikanı u`yreniw og`an qıyınshılıq tuwdıradı. Uqıplılıqlar dep sonday pisixikalıq sıpatlarg`a aytıladı, insan olar ja`rdeminde bilimlerdi, ko‘nlikpe ha`m sheberliklerdi salıstırmalı tu`rde an`satlıq penen iyelep aladı ha`m qanday da bir xızmet penen na`tiyjeli shug`ıllanadı. Uqıplılıqlar tek g`ana xızmette payda boladı. Qabıl etiw waqtında, ma`selen, ren`lerdin` tawlanıwındag`ı na`zik ayırmashılıqlar, predmetlerdin` anıq ko‘rinisi, proporsional salıstırmalardı tusiniw (xudojnikler ishinde), absolyut esitiw (muzıka menen shug`ıllanıwda), baqlawshılıq (juda` ko‘p xızmet tu`rlerinde) ha`m basqalarda payda boladı. Ayırım uqıplılıqlar este saqlawdın` jaqsı islewi menen baylanıslı (ma`selen, materialdı tez ha`m bekkem o`zlestirip aladı, onı an`sat ha`m anıq ta`kirarlaw uqıplılıg`ı). Adamnın` pikirlew xızmeti (materialdı tu`siniw, quramalı ma`selelerdi sheshiw, pikirinin` teren`ligi, kritkalılıq, pikirlesiwde) uqıplılıqlar anıq ko`zge taslanıp turadı.

## 1.2. Uqıplılıq haqqında tu`sinik.

Uqıplılıqlar mashqalası psixologiya pa`ninde qızıqlı ha`m belgili da`rejede izertlengen mashqalalardın` biri. Bul mashqala boyınsha a`yyemgi waqıtlardan baslap usı ku`nge shekem alımlar izertlewler alıp barg`an. Insannın` imka`niyatların u`yreniwge Shig`ıs oyshıllarınan (Farabiy, Beruniy, Abu Ali Ibn Sino), Rossiya psixologları (B.M.Teplov, B.G.Ananev, N.V.Kuzmina, S.L.Rubinshteyn, A.G. Kovalev, V.N.Myasishev), Batis alımları (A.Bine, T.Simon, F.Galton, V.Shtern, U.Ollport, K.Rodjers) sıyaqlılar u`lken u`lesin qosqan. Usı mashqala u`stinde O`zbekstan psixologları (E.Goziev, R.Gaynutdinov, M.G.Davletshin, B.R.Qodirov, V.A.Tokareva ha`m basqalar) da izleniwler alıp barg`an.

Uqıplılıq –insan ruwxıyatının` o`zgesheligi bolıp, ol barlıq psixikalıq protsessler ha`m jag`daylardın` jıyındısı sıpatında tu`siniledi.

Bul tu`siniktin` kemshiligi neden ibarat edi? Bul tu`siniktin` tiykarshısı Xristian Volf (1679-1754) esaplanıp, onın` teoriyasına qarag`anda barlıq psixikalıq ha`diyseler uqıplılıqlar kategoriyasına kiritilgen. Bunday jantasıwda belgili uqıplılıqlar sistemasın anıqlaw mu`mkin emes edi. Uqıplılıqlardın` insan o`mirindegi a`hmiyeti de anıqlanbag`an edi. Sonın` ushın bul tu`sinik psixologiyada ken` tarqalmadı.

Uqıplılıqlar –shaxstın` individual o`zgesheligi bolıp, og`an bilimler, ko`nlikpeler, sheberliklerdi o`zlestiriwdın` tolıqlıg`ı, tezligi, jen`illigi, teren`ligi, ha`mde tu`rli xızmetti o`zlestiriw ha`m onı tabıslı orınlawg`a baylanıslı. Bul tu`sinikti psixologiyag`a ullı Rossiya alımı B.M.Teplov(1869-1965) kiritken bolıp, ol bu`gingi ku`nde ken` tarqalg`an.

B.M.Teplovtın` pikirinshe «Uqıplılıqlar» tu`sinigi o`z ishine u`sh ideyanı qamrap aldı. Birinshiden, uqıplılıqlar degende, bir adamdı basqasınan ajıratıp turatug`ın individual psixologiyalıq o`zgeshelikler. Ekinshiden, uqıplılıq degende ha`r qanday individual psixologiyalıq o`zgeshelik emes, qandayda bir xızmettin` tabıslı orınlanıwın ta`miyinlewshi o`zgeshelik tu`siniledi.

U`shinshiden, «Uqıplılıqlar» insannın` bilimleri, ko`nlikpeleri ha`m sheberliklerine ten`lestirilmegenligi lazım.

B.M.Teplovtın` pikirinshe uqıplılıqlar u`zliksiz rawajlanıwda g`ana bar bolıwı mu`mkin. Rawajlandırılmag`an, a`meliyatta qollanılmaytug`ın uqıplılıq o`z-o`zinen waqıt o`tiwi menen joq bolıp ketedi.

Zamanago`y psixologiyada uqıplılıqlar ta`biyiy ha`m arnawlı insanıy uqıplılıqlarg`a ajıratıladı.

Ta`biyiy uqıplılıqlar- bul qabıl etiw, este saqlaw, oylaw ha`m basqa a`piwayı psixikalıq protsesste ju`zege keletug`ın uqıplılıq. Olar insanda sotsial ortalıqqa iykemlese alıw uqıplılıg`ı bar. Bul arnawlı ha`m ulıwma aqılıy uqıplılıqlar, so`z ha`m logikadan paydalang`anda, shaxslarara, predmetler ara mu`na`sibetlerde payda boladı.

Ulıwma uqıplılıqlar-insannın` tu`rli xızmet bag`darlarında tabısların ta`miyinleydi.

Arnawlı uqıplılıqlar insandı qandayda bir arnawlı xızmet bag`darındag`ı tabısın ta`miyinleydi ha`m onın` payda bolıwı ushın arnawlı ziyreklik bolıwı kerek.

Bunday uqıplılıqlarg`a muzikalıq, matematikalıq, texnikalıq, do`retiwshilik, pedagogikalıq ha`m basqalar kiredi.

Psixologiyalıq a`debiyatlarda arnawlı uqıplılıqlardı rawajlandırıwg`a baylanıslı ko`plep ta`jiriybeler islengen.

Muzikalıq uqıplılıqlar B.M.Teplov ta`repinen u`yrenilip, «Psixologiya muzikalnix sposobnostey» degen kitabında ken` ashıp berilgen.

Matematikalıq uqıplılıqlar boyınsha V.A.Krutetskiy izertlew jumısların alıp barg`an. Ol o`zinin` «Matematikalıq uqıplılıqlar psixologiyası» monografiyasında matematikalıq uqıplılıqlar ha`m olardın` sistemasın ken` jarıtıp bergen.

Su`wretlew sanaatı boyınsha uqıplılıqlar V.I.Kirienko ta`repinen u`yrenilgen. Onın` «Su`wretlew xızmet uqıplılıqları psixologiyası» kitabında su`wretlew uqıplılig`ının` psixologiyalıq analizi berilgen.

Sho`lkemlestiriwshilik uqıplılıqlar L.I.Umanskiy ta`repinen u`yrenilgen.

Uqıplılıqtın` da`rejelerine ziyreklik, talant, geniylik kiredi. Ziyreklik - insanda uqıplılqlardın` rawajlanıwının` ta`biyiy deregi.

Talant-insan uqıplılıqlarının` rawajlanıwının` joqarı basqıshı bolıp, ol qanday da bir xızmet tu`rinde u`lken jetiskenliklerge erisiwge xızmet etedi.

Geniylik- insandı qandayda bir xızmet tu`rinde ullı shaxs etip ko`rsetedi.

Insannın` joqarı da`rejedegi rawajlanıwı menen psixologiyanın` arnawlı pa`ni akmeologiya shug`ıllanadı.

L.S.Vigotskiy ziyreklilikti anıqlaytug`ın izertlewlerdi ta`krariy o`tkeriw kerekligin aytadı, da`slep erkin, son` u`lkenler ja`rdemi menen o`tkerilgen ta`jiriybeler na`tiyjelerin salıstırıw tiykarındag`ı ayırmashılıq arqalı anıqlanadı. Ziyreklik- da`rejesin anıqlawdın` bul usılı L.S.Vigotskiy ta`repinen «bala rawajlanıwının` jaqın zonasi» dep atalg`an.

Uqıplılıqtın` genetikalıq tiykarları boyınsha pa`nde tu`rli qaraslar bar. Avstraliya alımı F.Gall (1758 -1828) miy ha`m ayrıqsha uqıplılıqlar arasında baylanıs bar degen gipotezanı ilgeri su`redi. Insan miyinin` awırlıg`ı ha`m uqıplılıqlar arasında baylanıs haqqındag`ı pikirler de tastıyıqlanbag`an. Bizge belgili u`lken adamnın` miyinin` awırlıg`ı 1400 gr awırlıqqa iye. I.S.Turgenevtin` miyinin` awırlıg`ı- 2012 gr, D.Bayrondiki-1800gr, ximik Libnixtiki-1362 gr bolg`anlıg`ı anıqlang`an.

Bir aqılı zayıp adamnın` miyinin` awırlıg`ı 2 kg g`a jaqın bolg`an. Demek joqarıdag`ı aytılg`an pikirler o`z da`liylin tappadı.

Ha`r qanday uqıplılıqtın` birinshi etabı za`ru`r organikalıq sistemalar ha`m funktsional organlardın` jetilisiwi menen baylanıslı (tuwılg`annan 6-7 jasqa shekem). Arnawlı uqıplılıqlardın` qa`liplesiwi kishi ha`m orta mektep jasına shekem dawam etedi. Baqlawlarg`a qarag`anda, uqıplılıqlardın` aktiv qa`liplesiwi shaxs rawajlanıwının` da`slepki basqıshlarında payda bola balaydı. Motsart 9 jasında muzikalıq pessalardı sherte baslag`an, Rafael 8 jasında, Repkin- 4 jasında su`wret sıza baslag`an, Pushkin 7 jasında, Lermontov-8 jasında qosıq jazg`an. Kibernetika atası Viner 12 jasında universitetke oqıwg`a kirgen. Biraq  uqıplılıqlar keyinirekte payda bolıwı mu`mkin.

Sonı ayrıqsha atap o`tiw kerek, eger orınlanıp atırg`an xızmet joqarı qıyınshılıqta bolsa, ol balanın` uqıplılıqlarının` rawajlanıwına tiykar boladı, bunı L.S.Vigotskiy rawajlanıwdın` jaqın zonası dep ataydı.

Uqıplılıqtın` qa`liplesiwi, atap aytqanda, uqıplar qa`liplesip ha`m rawajlanıp baradı. Sonlıqtan da uqıplardı rawajlandırıw ushın balanı jaslıq waqtınan onın` jasına sa`ykes keletug`ın xızmetke aralastırıw za`ru`r. Balalar mektepke shekemgi jasınan-aq su`wret salıwdı u`yrenedi. Ha`ykel jasaw menen shug`ıllanadı. Qosıq aytadı ha`m namalardı u`yrenedi. Ta`rbiyalaw sistemasının` biri balalardın` uqıpların ha`r ta`repleme rawajlandıradı. Bala qanday bir tarawda onın` uqıpların ko`rsetedi, biraq qalg`an basqa ha`mme na`rsede pu`tkilley biypa`rwa qarag`an waqıtta balanı bir ta`repleme tar, u`stirtin rawajlandırıw nadurıs boladı. Psixikalıq jag`ınan ele durıs deni saw ha`r bir bala

mektepte tabıslı ta`lim alıwı ushın za`ru`rli ulıwma tabıslarg`a iye boladı. Uqıplar tiyisli xızmetke degen qızıg`ıwshılıq ha`m turaqlı beyimlik penen birigip ketken jag`dayda na`tiyje beretug`ınlıqtan balalardın` qızıg`ıwshılıqların aktiv tu`rde rawajlandıradı. Balanın` xızmeti mu`mkinshilik bolg`anınsha do`retiwshilik bolıwı tiyis.

Mısalı: A`debiy uqıplardı rawajlandırıw ushın ocherklerdi, gu`rrin`lerdi ha`m qosıqlardı hawazda, olardı mayda-shu`ydesine shekem dodalawda mudamı ja`ne sistemalı tu`rde shınıg`ıwlar ju`rgiziw paydalı boladı.

Balanın` xızmeti onın` bar mu`mkinshiligin ol orınlag`an xızmetine erisilgen da`rejesinen ba`rhama shamalı basım keletug`ın maqsetlerdi go`zleytug`ın etip sho`lkemlestiriwge boladı.

Balalardın` uqıpların ta`rbiyalay otırıp olarda tosqınlıqlardı jen`ip shig`ıwdı rawajlandırıwg`a tiyisli. Geyde jaqsı uqıplarg`a iye bolg`an balalar sa`tsizlikke ushırag`anda qolı suwıp ketedi, o`z isenimin joytadı, burın o`zi su`ygen islerge suwıq qaraydı. Balanın` uqıpların rawajlandırıwda olardı o`zine talapshan` bolıw, o`zin-o`zi sın ko`zi menen qatnas jasaw sıyaqlı jeke adamnın` belgilerin ta`rbiyalaydı. Balanı tikkeley yamasa tikkeley emes tu`rde, al basqalardan u`stemirek, dep hesh qanday isendiriwge, balalardın` uqıplarına basqa balalarg`a qarama-qarsı qoyıwg`a bolmaydı. Kerisinshe, uqıp balanı, ol pu`tkilley basqa balalar sıyaqlı uqıplarg`a iye ekenin, olar onnan basqa na`rsede basım ekenine isendiriw tiyis. Uqıplı bala, oqıwshı onın` uqıpları og`an o`zinin` do`gerek a`tiraplarına qatnas jasawda bir ayrıqsha jag`dayg`a qoyıwg`a, olarg`a joqarı talap qoyıwg`a huqıq berilmeytug`ınlıg`ın tu`sindiriw tiyis.

### 1.3. O‘spirimlik da`wirinin` individual psixologiyalıq o`zgeshelikleri.

O`spirimlik da`wiri «kamalat bosag`ası» dep aytıladı. Bul kamalat basqıshı fiziologiyalıq, psixologiyalıq ha`m sotsial shegaralardı o`z ishine aladı. Psixologiya pa`ni o`spirimlik ma`selelerin kompleksli u`yreniwdi talap etedi.

Bul ju`da` qıyın ma`sele, sebebi psixofiziologiyalıq jetilisiw tezligi menen onın` basqıshları sotsiallıq jaqtan rawajlanıw waqtı menen ba`rqulla tuwrı kele bermeydi. Akseleratsiya na`tiyjesinde bu`gingi balalardın` jetilisiwi burıng`ı a`wladlarg`a qarag`anda 2-3 jıl burın jetilispekte. Fiziologlar bul protsessti 2-da`rejeli jınısıy belgilerdin` payda bolıwına qaray 3 basqıshqa ajıratadı.

I-basqısh - prepubertat.

II-basqısh – pubertat.

III-basqısh – pospubertat.

Jaslardın` psixologiyası o`spirimliktin` jasın I-II basqıshlar menen baylanıstırıp keledi. Akseleratsiya mu`na`sibeti menen o`spirimlik jasının` shegarası endi 15-16 jastan 18 jasqa shekem bolmaqta. Demek, o`spirimlikten aldın baslanadı. Biraq bul jetilisiw da`wirinin` konkret ma`nisi birinshi na`wbette sotsiallıq sha`rayatlar menen belgilenedi. Jaslardın` ja`miyette tutqan ornı olardın` da`rejesi olar iyeleytug`ın bilimlerdin` ko`lemi ha`m bir qatar basqa faktorlar sotsiallıq sha`rayatlarg`a baylanıslı.

Da`slepki o`spirimlik da`wirinin` ekinshi o`tiw da`wiri dep esaplaw mu`mkin. Eger birinshi o`tiw da`wirindegi ko`birek balalıqqa jaqın bolg`an ekinshi o`tiw da`wirinde bolg`an o`spirim jaslıq da`wirge jaqınıraq ha`m sol ta`repten u`yreniledi. Da`slepki o`spirim jası a`sirese onda g`a`rezsiz o`mirdin` baslanıwı menen (orta mektepti tamamlap, litsey, kolledjlerge kiriwi) xarakterlenedi. O`mirdegi bul o`zgerisler da`slep o`spirim shaxsqa o`zin an`lawg`a ta`sir ko`rsetedi, o`spirimlerden parqı da`slep o`spirimler u`lken o`mirdi ko`z aldına keltirmeydi, al onda qatnasadı. Onın` g`a`rezsizligi artıwı menen bir qatarda u`lkenlerdin` og`an mu`na`sibetleri de o`zgeredi. U`lkenler

o`spirimge ko`birek bala dep qarasa da`slepki o`spirimler o`mirde o`z ornın tabıwg`a umtılıwın an`lag`an jag`dayda boladı. Ol o`z o`mir rejelerin a`melge asırıw ushın ha`reket ete baslaydı ha`m belgili bir ka`sipti iyeley baslaydı yag`nıy usı taraw boyınsha akademiyalıq litseylerde oqıwdı dawam etedi. O`spirimler tan`lag`an tarawları yag`nıy ka`siplerinde ju`da` u`lken jan`alıqlar arttırg`ısı keledi, biraq a`ste-aqırınlıq penen jan`alıq etiwi ushın olarda bilim ha`m ta`jiriybe jetispey atırg`anlıg`ı bunın` ushın ko`birek oqıw ha`m u`yreniw kerekligin an`lay baslaydı.

O`spirimler (16-18 jasta) o`zlerinin` psixologiyalıq o`zgeshelikleri menen basqa jas da`wirdegi balalardan ajıralıp turadı. Fizikalıq ha`m aqıl jag`ınan jetilisken, kamalatqa erisken ko`z-qarası, o`zin-o`zi basqarıwı sıyaqlı insanıylıq o`zgeshelikleri ta`rtiplesken boladı. Olar awır mu`na`sibette de boladı, u`lken jastag`ılarg`a hu`rmet penen qaraydı. Olar uzaqtı go`zleytug`ın keleshek ushın qayg`ıratug`ın ata-analardın` jaqın ja`rdemshisine aylanadı. Oqıw xızmeti o`spirimnin` tiykarg`ı xızmeti bolıp qala beredi. Oqıwg`a o`spirim jasına qarag`anda o`spirimlikte bir qansha jaqınıraq boladı. G`a`rezsiz o`mirge tayarlıg`ın o`zin-o`zi an`lawı menen mativler bul da`wirde jetekshi orındı iyeleydi. Motivler basqarıwında ja`miyettin` tolıq ag`zası bolıwg`a umtılıwı insanlarg`a zıyan keltiriw sıyaqlı sotsiallıq mativler u`stemlik etedi. Bul da`wirde o`spirimlerdin` kelesi o`miri ha`m tan`lag`an ka`sip rejelerine qaray pa`nlerge qızıg`ıwshılıg`ı o`zgeredi, o`spirimlerdin` pa`nlerge ha`m usı pa`n mug`allimlerine mu`na`sibeti o`zgeredi. O`spirimlik da`wirinde o`zi tan`lag`an maqsetlerine erisiwge tiykarlang`an mativler birinshi orıng`a ko`teriledi. O`spirimler o`zlerinin` oqıwg`a bolg`an mu`na`sibetleri ha`m olardın` oqıw u`yreniwge iytermelewshi sebeplerdi jaqsı an`laydı. O`spirimlik jasında bastan keshiretug`ın oylarının` baylıg`ı, tu`rli-tu`rliligi menen o`mirdin` tu`rli ta`replerine emotsional qatnasta bolıwı menen ajıralıp turadı. Aqıl ha`m sotsiallıq-siyasiy tu`rlerinin` rawajlanıwı menen xarakterlenedi. Olar a`dette aqıl talaplar menen o`z-ara tuwrı mu`na`sibette boladı. Bastan keshirgen oyları an`lap jetiw sezimleri de rawajlanadı. O`spirimlik jasında oqıwshılarda ortaqlıq

oyının` rawajlanıwı menen xarakterlenedi. Rossiya psixologları İ.V.Straxov penen A.L.Shnirmannın` ta`riyplewinshe o`spirimlik jasındag`ı doslıq o`spirimlik doslıqtan bazı bir o`zgeshelikleri menen parıqlanadı.

1. O`spirimlerde doslıq motivleri ju`da` teren`irek boladı. Bularda a`shkaralıq, o`z-ara isenim, talapshan`lıq, sadıqlıq birgelikte ba`rqulla ja`rdem ko`rsetiw kemshiliklerin tallaw, dostına ja`rdem beriw, o`z-ara hu`rmet, bir-birin tu`siniw ha`m t.b.

2. Doslıq oyları ju`da` mazmunlı bolıp, qızıg`ıwshılıqlar xızmetinin` ken` da`rejesin o`z ishine aladı.

3. Doslıq emotsional bolıp, dostının` keshirip otırg`an oylarına juwap bere alıw qa`biletine iye boladı. O`spirimlik jasındag`ı doslıq ko`binese o`mir boyı dawam etedi. Doslıq qatnasları ja`miyette ja`rdem beredi, onın` o`mirdegi xızmetin asıradı. Qasında dostının` barlıg`ın seziwi o`zi qıyınshılıqlardı jen`iwge ja`rdem beredi. O`spirimler doslıq, emotsional saplıg`ı sıyaqlı sezimlerin birinshi orıng`a qoyadı. Doslar bir-biri menen ju`reklerin bosatadı. Doslarg`a sadıqlıq meyirbanlıq shaxstın` reflektivlik da`rejesine ha`m onın` emotsional o`mir o`zgesheliklerine baylanıslı. O`spirim ha`mme waqıt rasgo`y, sadıq bolıwdı qa`leydi.

O`spirimlik jasında ayrıqsha bir oy – muxabbat payda boladı. Bul mektep oqıwshılarının` emotsional o`mirde ayrıqsha bir jag`day bolıp esaplanadı. O`spirimlik muxabbat sap, taza, tu`rli-tu`rli kemshiliklerge bay, mu`la`yım, oylarg`a beriliw ha`m sadıqlıq belgilerine iye boladı. Ul balalar ha`m qız balalardın` muxabbattı bastan keshiriwde bir-birin hu`rmet etiw, doslıq o`z-ara ja`rdem bir-birin tu`siniw o`zgeshelikler xarakterli bolıp, olar bir-birindegi joqarı ruwxıy sıpatlardı qa`dirleydi. Ul ha`m qız balalar ortasındag`ı qarım-qatnaslar o`spirimlik jasında rawajlang`an boladı. Doslarına qarım-qatnası ken`eyedi. A`sirese qızlarda aralas doslıq sezimleri ken`eyedi. Balalarg`a ta`n 16-17 jaslarda birinshi za`ru`r ha`m jaqsı sezimleri ko`rine baslaydı. Eki jınıs ortasındag`ı o`z-ara qatnas ma`selesi tiykarg`ı mashqalalarınan biri bolıp

esaplanadı. O`spirimlerde jaqsı ko`riw sezimi bir qansha jag`daylarg`a baylanıslı.

Birinshiden – jınısıy jetilisiw, ekinshiden – isenetug`ın, su`yenetug`ın ha`m ha`r qanday na`zik ma`seleler boyınsha so`ylesiw mu`mkin bolg`an dosqa sezimi, u`shinshiden – bul ta`biyiy insanıy sezim esaplanıp insan ko`binese o`zin jalg`ız seziwi ku`shli emotsional baylanısqa umtıladı. İzertlewshilerdin` boljawınsha bunday sezimnin` ku`sheygen tu`ri birinshi ret da`slepki o`spirimlik da`wirinde ju`zege keledi. Da`slep o`spirimler jalg`ız bolıwdı qa`lemegenligi sebepli o`zleri jaqsı o`z-ara jaqın mu`na`sibette, bir-biri menen intim qatnastı izleydi. Bazı o`spirimler bir oylarına sonshelli berilip, basqa na`rseler haqqında ulıwma umıtıp qoyadı. Bul da`wirde o`spirimlerde jaqsı ko`riw mu`mkin bolg`an qız yaki ul ideal payda boladı dep ko`p jıllar dawamında bul ideal saqlanıp turadı. O`pirimler oyındag`ı ideal birewdi unatıwg`a, jaqsı ko`riwge tu`rtki boladı. O`spirimlerdin` ideal obrazları bazıda real bolmaydı, yag`nıy olar hesh kimdi «og`an» uqsatpaydı. Bul bolsa olarda isenimsizlik ha`m jalg`ızlıq oyın da ju`zege keltiriwi mu`mkin. Da`slep o`spirimlerge usı temada a`debiy a`debiyatlar oqıw, kinofil`mler, teatrlarg`a barıwdı orınlaw ha`m ha`r tu`rli gu`rrin`ler o`tkeriw, olarg`a o`zlerin kelesi o`mirlerine ta`n o`mirlik joldasların tabıw ma`selesine ayqın jaqınlasıwg`a ja`rdem beredi.

Joqarı klass oqıwshılarının` biliw protsessleri tu`rli ta`rizde anıq ha`m bul ma`sele boyınsha ha`r ta`repleme oylag`an pikirin beriwge ja`rdem bere aladı. Bul jastag`ı o`spirimler a`tiraptag`ı tu`rli waqıya ha`diyselerdegi haqıyqattı biliwge umtıladı. Olardın` tu`rli sheshimleri mag`lıwmatlar emes, al usı sheshim ha`m mag`lıwmatlardı o`zleri talıqlaw, qıdırıw protsessinin` o`zi ko`birek qızıqtıradı. Bunda tu`rli ma`seleler boyınsha temalar ju`rgiziwge ha`m olardın` pikirlerin anıqlawg`a ju`da` qızıg`adı. O`spirimlik da`wirinde biliw protsesslerinin` rawajlanıwı dawam etedi. Biraq bul rawajlanıw o`spirimnin` o`zine ha`m og`an a`tirapındag`ı baqlawshılarg`a kem seziledi. Bul da`wirge kelip, o`spirimler tolıq oyg`a iye boladı, a`meliy pikirlep o`zlerin o`zleri

analizley aladı. Olar endi biyma`lel aqılıy siyasiy ha`m basqa temalarda o`z pikirlerin bildire aladı.

O`spirimlik da`wirinde balalar ju`da` ko`p ilimiy tu`siniklerdi o`zlestirip, olardan tu`rli ma`sele ha`m mashqalalardı jen`iwde paydalana aladı. Balalarda tu`siniw ha`m o`zin-o`zi basqarıw sezimleri o`sedi. O`spirimnin` o`zin-o`zi an`law, oqıw, miynet ha`m qarım-qatnas mativleri o`zgerisinde o`z ko`rinisin taptı. Bul da`wirde balada jan`a xızmetler ju`zege kelip, psixologiyalıq rawajlanıwda jan`a basqısh baslanadı.

O`spirimlik jası oqıw, miynet, qarım-qatnas sıyaqlı jetekshi xızmet tiykarında ulıwma ha`m arnawlı uqıplarının` rawajlanıp atırg`anlıg`ı menen xarakterlenedi. O`spirimlik da`wirinde biliw protsessinin` rawajlanıwı aktiv keshedi. Biraq rawajlanıw o`spirimnin` o`zine ha`m onın` a`tirapındag`ı baqlawshılarına kesh seziledi. O`spirimlik da`wirine kelip, ju`da` ko`p balalarda o`z xızmetlerin aldınnan jobalastırıp, uqıbı jaqsı rawajlang`an boladı. Sonday-aq o`zin-o`zi basqarıw ha`m o`spirimlik jasındag`ı balalarda tez ko`zge taslanadı.

O`spirimnin` oqıwg`a mu`na`sibeti o`zgesheligi ha`m mazmunı ta`repinen basqa jastag`ı oqıwshılardın` bilimlendiriw protsessindegi mu`na`sibetinen ajıralıp turadı. Oqıw jobası ha`m da`stu`rinin` qıyınlasıwı jan`a pa`n ha`m temalardın` kirgiziliwi, o`zlestiriliwi, a`meliy oyı ja`rdeminde a`melge asırılıwı sha`rt.

G.E.Zalesskiy oqıwshılarg`a sotsiallıq ma`seleler, ekonomikalıq jag`dayda sotsiallıq faktler ha`m ha`diyselerdi g`a`rezsiz ra`wishte ilimiy analizlew ha`m olarg`a baha beriw usılların arnawlı u`yretiw ha`m za`ru`rligin izertlew tiykarında ko`rsetip bergen. Bul orında oqıwshılardın` g`a`rezsiz pikirlewin aktivlestiriwge, tuwrı basshılıq etken jag`dayda tanısıwı lazım. O`spirimlerdin` aqıl jag`ınan rawajlanıwında a`meliy oylawının` roli u`lken. O`spirim a`debiy shıg`armalardı oqıw ha`m tu`sindiriw arqalı g`a`rezsiz pikirlew ha`m tartısıwg`a u`yrenip baradı. Onda a`ste-aqırın ta`biyat ha`m ja`miyet haqqında o`zinin` itibarı qa`liplesedi. Belgili shaxstın` usı pazıyletleri onda pikirlew, g`a`rezsiz oylaw, tuwrı ha`m bir qararg`a kele alıw na`tiyjesi. O`spirimlerdin` a`debiy

shıg`armasın bahalaw, ol haqqında jeke pikirdi bildiriwi mashqalanın` ta`repleri u`stinde tartısıwı insanlıq jag`daylardın` ayqın da`rejede qatnasıwı aqıldın` tap o`zindey turmısta ushıraytug`ın orınsız o`spirimnin` a`debiy parasatı ha`m o`mir ta`jriybesi to`men. Mug`allimnin` tiykarg`ı wazıypası oqıwshının` oylawındag`ı a`dillik da`rejesine ko`teriwden olarg`a ha`diyse a`dillik, aqıllılıq penen qarawdı u`yretiwden ibarat. O`spirimlerde materiallıq du`n`ya haqqında jeke pikirlew, ilimiy ko`z-qarasının` ken`ligi, oylawının` o`zgesheligi rawajlana baslaydı.

Aqıldın` rawajlanıwı oqıw materialların puxta o`zlestiriwge bilimlendiriw protsessinde sho`lkemlestiriw, sıpatlaw da tiykarg`ı ko`nlikpelerdin` qa`liplesiwine imkaniyat jaratadı. Jag`dayları haqqında juwmaq shıg`arıw, tastıyıqlaw yag`nıy biykar etiw qa`bileti rawajlanadı. O`spirim qa`bileti de bilimlendiriw protsessindegi miyneti rawajlanadı. Qa`bilettin` o`siwi bilimler, ko`nlikpe sıpatına baylanıslı bolıp, shaxstın` o`siw protsessine qosılıp ketedi. Demek, mektepte o`tiletug`ın sabaqlar laboratoriyalıq jumıslar, a`meliy tapsırmalar, referat, konspekt jazıw sıyaqlı jumıslardı o`spirimlerdin` o`zlestiriwi ushın za`ru`r materiallardı g`a`rezsiz jag`dayda tu`siniwge alıp keledi. Bulardın` barlıg`ı ilimiy-a`meliy oylawının` tu`rleniwine do`gerektegi ulıwma nızamshılıqlardın` o`siwine aqılıy imkaniyatlarının` ju`zege keliwine ta`biyat ha`m ja`miyettin` rawajlanıwının` nızamların tu`siniwge za`ru`r sha`rayatlar jaratadı. Joqarıdag`ılardan ko`rinip turg`anınday o`spirim jasta oqıwshılar aqılıy xızmetinin` faktorları ha`m usılları menen qurallang`an boladı.

O`spirimlerde aqıldın` rawajlanıwında oyının` a`hmiyeti ju`da` u`lken, sebebi insan bir jumıstı islewge kiriser eken a`lbette onın` na`tiyjesin ko`z aldına keltiriwi kerek. Ko`z aldına keltirmey turıp hesh qanday jumıstı jobalastırıw mu`mkin emes. O`spirimde oylaw da`rejesi jaqsı rawajlang`anda g`ana onın` o`z o`mirindegi idealdı oylay aladı. Usıg`an baylanıslı uzaq ha`m jaqın rejelerin du`zedi.

Ha`zirgi ul ha`m qız balalar 30-40 jıl aldın`g`ı qatarları menen salıstırg`anda olardın` ulıwma sezimleri joqarı o`skenligin ko`riw mu`mkin. İntellektual qızıg`ıwshılıq da`rejesi ken` ha`m ha`r qıylı. O`spirimler turmısında

yag`nıy olardın` rawajlanıwında radio, televidenie, ilimiy-xabar, shıg`armalar, kinofil`mler ilim ha`m texnika u`lken rol` oynamaqta. O`spirimlerdin` qızıg`ıwshılıqları ha`r qıylı jag`dayda da o`zi tan`lag`an ka`sip ha`m bag`darı, sonday-aq o`mir jobalarına tiykarlang`an o`spirimlik jasına kelip er balalar ha`m qızlardın` ko`z-qarası joqarılay baslaydı. Bul o`spirimnin` sırtqı a`lemdi tu`siniwge, bahalawına bolg`an mu`na`sibetlerin anıqlawg`a ja`rdem beredi.

O`spirim oqıwshıda o`zin baqlaw negizinde o`zin ta`rbiyalaw pazıyleti tuwıladı. Na`tiyjede onda o`zin-o`zi ta`rbiyalaw o`zgesheliklerin tan`law, olardı ku`ndelik tumısqa ko`ndirip ko`riw ruwxındag`ı belgili kemshiliklerdi tuwrılaw, jaqsı pazıyetlerdi qa`liplestiriw menen sheklenip qalmastan ba`lki erjetken adamlarg`a ta`n ko`p qırlı, ulıwmalasqan idealg`a ta`n ta`rizde bolıwına bag`darlang`an boladı. Oqıwshılar o`zinde shaxstın` en` qımbatlı pazıyletlerin oqıw ha`m miynet da`rejesin an`lı rejeli ta`rtipli ta`rizde iyelep barıwg`a shaxstın` belgili bir pazıyletleri ha`m o`zgesheliklerine ha`reket etedi. O`zin-o`zi ta`rbiyalaw, mashqalaları ruwxıy ko`rinisin qa`liplestiriwge umtıladı.

O`spirim oqıwshılardın` o`zin o`zi ta`rbiyalaw protsessi oqıw, ja`miyet sho`lkemlestiriwshileri, pedagoglar ja`miyetinin` ta`rbiyası ta`siri astında bolıwı sha`rt. O`zin-o`zi ta`rbiyalawdın` ja`miyette mu`na`sip orın iyelewge, sotsiallıq wazıypanı an`lawı, paydalı miynet islewi, o`zin-o`zi ta`rbiyalaw, izge salıw ushın birlikti qa`liplestirgen ta`rbiyalıq shara-ilajlardı birlik ta`rizde ta`sir o`tkeriw ja`miyet ma`jbu`riyatı o`z-ara ja`rdem ha`m gu`zetiw, o`z-ara bahalaw da maqsetke muwapıq.

O`spirimlerde erjetkenlik oyı teren`lesip barıp, o`zin-o`zi basqarıw, o`z ruwxıy ko`rinisin ko`rsetiw sezimi o`sedi. Bul na`rse olardın` ayrıqsha shaxs ekenligin ta`n alıwg`a umtılıwında o`z ko`rinisin tabadı. Bunın` ushın ayırım jaslar tu`rli modalarg`a hayran qalıw, ma`deniyatqa, qosıqqa, ka`sip-o`nerge, ta`biyatqa qızıg`ıwshılıqların atqarıwg`a ha`reket etedi. Oqıw ha`m miynet ja`miyet ta`sirinde, ma`rtlik, sabırlılıq, hadallıq sıyaqlı insanıy pazıyletler qa`liplesedi. Menmenlik, o`z ma`pin oylawshılıq, qorqaqlıq sıyaqlı pazıyletlerdin` jog`alıwı tezlesedi.

O`spirimler shaxsının` qa`liplesiwi protsessinde ja`miyettin` roli ayrıqsha, a`hmiyeti orınlı. Olarda morallıq, g`a`rezsizlik, o`z ha`reketlerin bahalaw sıyaqlı pazıyletleri de ko`rinedi. O`spirim ul ha`m qızlardın` ja`miyetke aktiv qatnasıwı arqalı qa`bileti ko`rinedi. Dos ha`m dushpanlarının` kimligi, o`zi qa`lewi, o`zin ha`m do`gerektegi a`lemdi jaqsı biliw ushın ne islew kerekligin biliwge ha`reket etedi. Belgili o`spirimler o`zlerinen hesh qanaatlanbaytug`ın, o`z aldına ha`dden tıs ko`p wazıypalar qoyatug`ın, biraq onın` kewlinen shıg`a almaytug`ın boladı. Bul bolsa o`spirimlerdin` keleshektegi tabısları, sha`rtlerinen biri.

O`zin-o`zi hu`rmetlew ha`m onın` o`zgeshelikleri to`mendegilerden ibarat. Demek joqarıda ko`rsetip o`tilgenindey shaxstın` erte o`spirimliktegi en` za`ru`r pazıyletlerinen biri o`zin-o`zi hu`rmetlew, o`z-o`zine baha beriw ha`m o`zin shaxs dep ta`n alıw yag`nıy almaw da`rejesi. O`spirimler o`zlerinde shaxstın` belgili kompleksi sıpatların qabıl etiwge umtıladı. O`zin-o`zi ta`rbiyalaw ma`selelerinde bir pu`tin ruwxıy psixologiyalıq ko`rinisti qa`liplestiriw ma`selesi qızıqtıradı. Bunda shaxs idealı da u`lken a`hmiyetke iye. Ma`selen: ul balalar qaharmanlıq, jaqsı ata, mug`allim vrach yag`nıy a`debiy shıg`arma ha`m de kinofil`mlerdegi obrazlardı o`zlerine ideal dep bilse; qızlarımız miynetkesh, na`zik, ja`miyetlik isker, iybeli u`y biykesi yag`nıy ilimiy xızmetker ha`m t.b. O`z-ara mu`na`sibet ha`m emotsional o`mirdi o`zi belgilewdin` qıyın mashqalanı o`spirimnin` o`zi orınlay almaydı. Bul ma`seleni o`spirimnin` ata-anası o`z qatarları, mug`allimlerdin` qatnasıwında olardın` qollap-quwatlawında esapqa aladı.

## II-BAP. O‘spirimlerdin` do`retiwshilik uqıplılıqların a`meliy jaqtan u`yreniw.

### 2.1. O‘spirimlerdin` do`retiwshilik uqıplılıqların bahalaw usılları ha`m kriteriyaları.

Milliy da`stu`rler, u`rip-a`detlerimizdin` tikleniwi, milliy, ulıwma ruwxıylıq qadriyatlarımızdın` izertleniwi xalqimızdın` turmıs sha`rayatının` o`zgeriwine alıp keldi. Ja`miyetimiz ushın bilimli, ziyrek, talantlı jaslardı ta`rbiyalaw imkaniyatı jaratıldı. Bizin` xalqımızdın` joqarı aqıl menen du`n`yanı basqarıw qudireti, da`rejesi,uqıplılıg`ına iye bolg`an saqıpqıran Amir Temur sıyaqlı sa`rkardalar, Al-Buxariy, At-Termiziy, Bahovuddin Naqshband, Xo‘ja Ahmad Yassaviy sıyaqlı ullı ulamalar, Abu NasrForobiy, Abu Rayhon Beruniy, Ibn Sino sıyaqlı ullı oyshıllar menen  birgelikte Ul-Umaviy, Hofiz Sheroziy sıyaqlı nama jaratıwshı alımlar, Nizomiy Ganjaviy, Abdurahmon Jomiy, Alisher Navoiy, Ulug‘bek sıyaqlı oyshıllar menen maqtanısh qalmay, olardın` jumısların dawam etiwge, pa`n tarawındag`ı jan`alıqlardı jaratıwg`a iye ha`m sog`an imkaniyatımız da jetkilikli da`rejede.

Sonday-aq, ma`mleketimizde atları ja`ha`n pa`ni tariyxına kirgen alımlarımız ko`plep ushırasadı. Bizde ma`deniy da`rejeni arttırıw, xalqımız arasında ko`plegen ju`zege shıqqan talant ha`m da`rejelerin kamal taptırıw ushın barlıq imkaniyatlar jaratılg`an. Talanttın` o`sip rawajlanıwı ushın tek g`ana ortalıqtın` ta`sirinin` bir o`zi jetkilikli bolmaydı. Bunda en` a`hmiyetli na`rse ta’lim ha`m arnawlı ta`rbiya esaplanadı. Uqıplılıq ta’lim protsessinde, bilimlerdi o‘zlestiriw protsessinde, bilimlerdin` do`retiwshilik jaqtan qollanılıwında, tiyisli ko‘nlikpe ha`m sheberlikler payda etiw protsessinde, insan xızmetinde kamal tabadı. Ma`selen, muzikant bolıw ushın ta`biyiy uqıplılıq ha`m qolay sha`rayat bolıwının` o`zi jetkilikli bolmaydı, balki oqıw, muzıka teoriyasın u`yreniw, texnikanı ha`m arnawlı pa`n`lerdi biliw kerek boladı. Jaqsı ushıwshı, injener, ulıwma qanday bolmasın ha`r bir tarawda qa`nige bolıw ushın tiyisli mag`lıwmat ha`m ta`rbiya alıwı kerek.

Ta’lim protsessinde insan arnawlı ko`nlikpeler ha`m xızmet texnikasın iyeleydi, olarsız onın` talantı ju`zege shıg`adı ha`m uqıplılıg`ı da artadı. «Men paydalang`an texnikanın` rawajlang`anlıg`ı sayasında g`ana – dep jaagan edi A.N.Rimskiy Korsakov, - menin` do`retiwshiligim jan`a janlı ku`shke iye boladı ha`m menin` bunnan do`retiwshlik xızmetim ushın jol ashıldı».

Bizge ma`lim, barlıq joqarı bilimli ziyrek adamlar ko`p ha`m olar tırısıp oqıg`an. Talant ta’lim-ta`rbiya protsessinde, adamnın` payda bolıp atırg`an uqıplılıqlarında anıq ko`rine baslaydı. İnsannın` ma`selen, muzıka, a`debiyat, texnika, matematika ha`m basqa usı sıyaqlılarg`a bolg`an talantlı ta’lim-ta`rbiya protsessinde a`shkara boladı.

Qolay sha`rayat, oqıtıw ha`m ta`rbiya insandag`ı uqıplılıqtın` erterek oyanıwına imkan beredi. Ma`selen, Rimskiy-Korsakov anası aytqan qosıqlardı eki jasınan-aq, atasi pianinoda shertken qosıqlardı to`rt jasında ta`kirarlar, aytıp ju`redi eken ha`m atasınan esitken kishkene muzika shıg`armaların tez ku`nde fortepianoda o‘zi sherte baslag`an. Motsart ush jasınan baslap klavesinani (pianinog`a uqsas muzıka a`sbabın) sherte baslag`an, esitken muzıka shıg`armaların hayran qalarlıq da`rejede tez esinde qaldırg`an. To‘rt jasında o‘zi de muzika shıg`armaların jarata baslag`an. Gaydida to‘rt jasınan-aq muzıkag`a bolg`an uqıplılıq ko‘rine baslag`an. Prokofev segiz jasında kompozitor bolıp tanıla baslag`an.

Su`wretshilik tarawında Rafaeldin` do`retiwshilik uqıplılıg`ı segiz jasında, Mikelanjeloda on ush jasında, I.E.Repin menen V.A.Serovda to‘rt jasında, V.I.Surikovta altı jasında ko‘rine baslag`an. Aleksandr Ivanov on bir jasınan baslap grafikalıq ma`deniyat Akademiyasına kirgen. Igor Grabar o‘zi haqqında: «Su`wretshilikke neshe jasta ha`wes etkenligin esley almayman, biraq su`wret salmag`an u`aqtımdı esley almayman», deydi.

Poeziya tarawında Pushkin ha`m Lermontovlardın` do`retiwshilik uqıplılıqları ju`da` erte ko`rine baslag`an. Pushkin tog`ız jasında Lermontov on jasında, A.Nawayı 5 jasında do`retiwshilik ete baslag`an. Olardın` 7-13 jaslarınan baslap shıg`armaları baspadan shıg`a baslag`an. Bizin`

mekteplerimizdegi ta’lim-ta`rbiya isleri balalarg`a tek bilim beriw menen g`ana sheklenip qalmay, ba`lki balalardın` barlıq uqıplılıqların arttırıwdı na`zerde tutqan halda alıp barıladı.

İnsanlar o`zlerindegi turli xızmetlerge bolg`an tuwma uqıplılıqların ja`ma`a`tte, o‘z ustinde tınbay islew protsessinde ju`zege shıg`aradı. Mekteplerdegi klass ha`m de ja`ma`a`t, toparlar, ilimiy do`gerekler, pa`n` olimpiadalarına qatnasıp, ilimiy konferentsiyalarg`a qatnasıw tuwma uqıplılıqlarının` qolay imkaniyatlarinan esaplanadı. Sonday-aq, oqıw ha`m miynet xızmetinde insannın` uqıplılıqları oyanadı ha`m rawajlanadı, xalıq talantlari solardın` protsessinde ko`zge ko`rnedi.

Ha`r bir shaxstın` o‘zi aktiv ha`reket qılg`anda g`ana sotsial ortalıq, oqıw ha`m ta`rbiya insannın` uqıplılıg`ın oyatıwı ha`m talantın arttırıwı mu`mkin. İnsannın` uqıplılıqları onın` xızmetin belgilep g`ana qalmastan, ba`lki insannın` uqıplılıqları mine usı xızmette artadı ha`m payda boladı.

İnsannın` o`z xızmetine qanday muna`sebette bolıwı u`lken a`hmiyetke iye. Eger insan o`z isin jaqsı ko`rip, mehirmenen islese, ol waqıtta insannın` bul tarawdag`ı da`rejeleri kushlirek ko`zge taslanadı, onın` uqıplılıq ha`m sheberligi tezirek artıp baradı. Jumısqa muhabbat qoyıw – ol iske qızıg`ıw, ha`wes qoyıw bolıp esaplanadı. Sol sebepten insannın` uqıplılıg`ı onın` qızıg`ıwshılıg`ı menen bekkem baylanıslı qızıg`ıwshılıg`ının` artıp barıwına qarap, insan uqıplılıg`ı da artıp baradı. Qızıg`ıwlar bolsa ha`mmeden go`re ko`birek, xızmet protsessinde ha`m artıp baratırg`an uqıplılıqlarg`a baylanıslı ra`wishte artadı.

Joqarı ha`m ma`rtebeli maqsetler insannın` barlıq ruwxıy kush ha`m uqıplılıqlarının` artıwına u`lken stimul bolıp xızmet etedi.

Ayırım waqıtlarda insannın` uqıplılıg`ı menen ha`wesleri bir-birine sa`yke bolmawı da mu`mkin, ma`selen, insan belgili bir tarawda uqıplılıq ko`rsetedi, tap sol waqıtları basqa bir tarawg`a da qızıg`adı. Bunday ha`diyse ko‘birek insannın` uqıplılıqları ele tolıq jetilispegen ha`m a`shkar bolmag`an da`wirlerde ushıraydı.

Uqıplılıqtın` artıwında belgili bir xızmetke qızıg`ıw ha`m muxabbat qoyıw menen bir qatarda, insan o‘z ustinde islewi, onın` miynet xızmeti ha`m de bilimleri, ko‘nlikpe ha`m sheberliklerin do`retiwshilik ra`wishte – qollana alıwı da u`lken a`hmiyetke iye.

Ayırım adamlar balalıq ha`m oqıwshılıq waqıtlarında, olar ushın qolay sha`rayat bolıwına  qaramay, hesh qanday o‘z zeyni ha`m uqıplılıqların ko`rsete almag`anı ma`lim. Bunday insanlar keyin ala shıdam menen o`z u`stinde erkin isley alıwları na`tyjesinde o`zlerinin` zor uqıplılıg`ına iye ekenliklerin ko`rsetken.

Ko‘p waqıtlardan berli usı na`rse belgili uqıplılıq penen o`zlestiriw ha`me waqıt ta bir qıylı bola bermeydi. Ma`selen, Gogol Nejinskiy gimnaziyasında oqıp atırg`anında a`debiyattan «3», shıg`armadan «2» baha alatug`ın edi. Mendeleev gimnaziyada «ortasha» oqıwshılardan biri bolıp esaplanıwına qaramastan, keyinirek genial alım bolıp jetilisti. Jaqsı oqıg`anlardın` ko`pshiligi a`piwayı xızmetshi bolıp qalg`anlıg`ı da sır emes.

Moskva matematika mektebine tiykar salg`an, ha`zirgi zaman matematikasında jan`a ag`ım jaratqan ataqlı alım, akademik Luzin mektepte oqıg`an da`wirlerde matematika pa`n`inen «2» bahag`a oqıytug`ın edi, uyde matematikadan ja`demshi oqıtıwshı menen tayarlanar edi. Sol oqıtıwshının` o`zine qarag`anda, Luzin pa`n`ge ulıwma uqıpsız edi.

Belgili kinorejissyor S.M.Eyzenshteyn mektepte oqıg`an waqtında su`wret sabag`ınan tek «3» bahasın alıp oqıytug`ın edi. Biraq keyin ala ol o`z u`stinde tınımsız islewi na`tiyjesinde kinomatografiya ma`deniyatı boyınsha talantın ko`rsetti.

Ataqlı insanlardın` turmısın alıp qaraytug`ın bolsaq, olar do`retiwshiliginde en` tiykarg`ı orındı iyelegen na`rse olardın` tınımsız islew uqıplılıg`ına iye bolg`anlıqları, belgilengen maqset jolında aylap, jıllap, on jıllap isley alıwları ha`m sharshamastan og`an erisiw jolların izlewleri bolg`an.

Belgili, mekteptegi oqıwshılar arasında sabaqlardan u`lgermeytug`ın balalar da ushırasadı. Bunday oqıwshılardın` sabaqlardan u`lgermesten artta

qalıw sebeplerin teren` izertlep tekseriw na`tiyjesi sonnı ko`rsetedi, olarda oqıwg`a meyillik bolmaydı yaki olar sabaq tayarlaw jolların bilmeydi. Ta`jiriybe sonı ko`rsetedi, olarda oqıwg`a bolg`an qızıg`ıw ha`m qa`lewdi tuwdırıw, sonday-aq, olarda sabaq tayarlaw sheberligin payda etiw olardın` sabaqtan tısqarı u`lgerip barıwlarına imaniyat beredi. Sonın` ushın ta’lim-ta`rbiya protsessinde ha`r bir pedagog oqıwshılarg`a belgili bir pa`n`lerden bilimler beriw, sheberlik payda etiw, olardın` sezim ha`m erkine ta`sir etiw menen bir bir qatarda, olardın` ha`r birin ja`miyettin` muna`sip qurıwshıları bolıp jetilisiwleri ushın tınbastan o‘z ustilerinde ishlew lazım ekenligin, olar sanasına sin`diriw krek. Oqıwshılardın` keleshek miynet xızmetindegi tabısları tek g`ana olardın` mektepte alatug`ın bilim ha`m sheberliklerine baylanıslı bolmay, ba`lki, tiykarınan, o‘zlerinin` bunnan keyingi o‘z ustilerinde tınımsız islewleri arqalı jan`a bilimler payda etip barıwlarına baylanıslı ekenligin olarg`a tu`sindiriw arqalı biz do`retiwshilik uqıplılıqların rawajlandırıwg`a iye bolamız.

Do`retiwshilik uqıplılıqlar, bilimler, ko‘nlikpelerde emes, ba`lik olardı iyelegen dinamikasında yag`nıy bilim, ko‘nlikpeler qanday sha`rayatta tez, teren` ha`m an`sat iyeleniwnde ko`inedi. Bul tusinikten bu`gingi ku`nde de paydalanıladı. “Do`retiyashilik uqıplılıq – bul bilim ko‘nlikpe ha` sheberliklerdin` ko`riniwi emes, ba`lki olardın` tez o‘zlestiriliwi ha`m onı a`meliyatta na`tiyjeli qollanılıwı esaplanadı”.

Bul tu`sinikte do`retiwshilik uqıplılıqlar bilim, ko‘nlikpe ha`m sheberliklerge ten`lestirilmey, olarg`a salıstırg`anda insannın` mu`na`sebeti, bilim, sheberilk ha`m ko`nlikpelerdi o`zlestiriw jen`lilligi, tezligi ha`m teren`ligi, ha`mde olardı belgili bir xızmetti jen`il o`zlestiriwde ha`m sol xızmettin` tabıslı atqarılıwında payda boladı.

Solay etip, qarama – qarsılıqlardı jen`iw ha`mde haqıyqattı izlew aqıbetinde alımlar to`mendegi juwmaqqa keldi, “Do`retiwshilik uqıplılıqlar – shaxstın` individual psixologiyalıq o`zgeshelikleri bolıp, og`an bilimler, ko‘nlikpeler ha`m sheberliklerdi o`zlestriliwinin` tolıqlıg`ı, an`satlıg`ı, teren`ligi, ha`mde turli xızmetti o`zlestiriw ha`m onı na`tiyjeli orınlawg`a baylanıslı” bul

tusinikti psixologiyag`a ullı Rossiya alımı B.M.Teplov (1896-1965) kiritken bolıp, ol bu`gingi ku`nde ken` tarqalg`an.

Joqarıda aytıp o`tilgendey B.M.Teplov uqıplılıqlardın` ulıwma teoriyasın islep shıg`ıwg`a o`z u`lesin qosqan B.M.Teplovtın` pikirinshe "Uqıplılıqlar" tusinigi o'z ishine ush ideyanı qamtıp aladı: "birinshiden, uqıplılıqlar degende bir adamdı basqasınan ajıratıp turatug`ın individual psixologiyalıq o`zgeshelikler tu`siniledi.

Ekinshiden uqıplılıq degende ha`r qanday individual psixologiyalıq o`zgeshelikti emes qanday da bir xızmettin` na`tiyjeli orınlanıwın ta`miyinlewshi o`zgeshelik tu`siniledi.

U`shinshiden, "Uqıplılıqlar" adamnın` bilimleri, ko'nlikpeleri ha`m sheberliklerine ten`lestirilmewi lazım".

B.M.Teplovtın` pikirinshe uqıplılıqlar u`zliksiz rawajlang`anda g`ana bar bolıwı mu`mkin.

Rawajlanbag`an, a`meliyatta qollanılmaytug`ın uqıplılıq waqıt o`tiwi menen joq boladı.

IQ mashqalaların izertlewde bir qansha ilimiy jantasıwlar bar. Olardın` na`tiyjelerin ulıwmalastırıp, kreativ psixologiya ha`m onın` menen baylanıslı intellektual uqıplılıqlar haqqında to`mendegishe juwmaq shıg`arıwmız mumkin:

Intellektual "Ziyrek" shaxstın` do`retiwshilik aktivliginin` sha`rtlerinen biri bo'lıp, do`retiwshilik xızmetti aktivlestiriwde motivlestiriw tiykarg`ı orındı iyeleydi.

1. E.Torrens teoriyası boyınsha IQ intellektke baylanıslı bolmag`an faktor, yag`nıy "intellekt bosag'asında" bul faktor to`mendegishe salıstırıladı: eger IQ 115-120 dan pa`s bolsa intellekt ha`m kreativlik jalg`ız faktordı quraydı, kerisinshe IQ 115-120 dan joqarı bolsa, IQ intellektke baylanıslı bolmag`an joqarı bolıp qaladı, bunnan kelip shıg`adı pa`s intellektli kreativlik bolmaydı, biraq pa`s kreativli intellektuallar bar.

Joqarıdag`ı pikirler boyınsha shaxstın` do`retiwshilik o`zgesheligin to`mendegi kriteriyalar arqalı xarakterlew mu`mkin:

1. Do`retiwshilik mashqalanı  ko‘riw ha`m anıqlaw. Qabıl etiw. Dıqqatlılıq ha`m itibarlılıq.
2. Mashqalanın` tiykarg`ı ta`repi ha`m baylanısların an`law, ko‘re biliw. Pikirlewdin` ko`p ta`repleme ekenligi.
3. Da`stu`riy qaraslardan waz keshiw ha`m jan`asha pikirdi alg`a su`riw.
4. Ma`selelerdi sheshiwde bir qa`liplilik ha`m topardın` pikirlerinen shetlesiwge ha`reket etiw. Real pikirlew.
5. Ko‘plegen ideya ha`m baylanıslardı qayta toparlaw uqıplılıg`ı. Ko‘p variantlı pikirlew.
6. Do`retiwshilik talap etiwshi mashqalanı sitemalastırılg`an halda anıq, konkret analiz etiw uqıplılıg`ı.
7. IQ talap etiwshi mashqalalardı jasalma, abstrakt sistemalastırıw uqıplılıg`ı.
8. İdeyanın` bir pu`tinligi ha`m onın`  strukturasın seziw uqıplılıg`ı.
9. Barlıq jan`a ha`m g`ayrıta`biyiy jag`daylardı qabıl ete alıw uqıplılıg`ı.
10. Anıq emes jag`daylarda konstruktiv aktivlik uqıplılıg`ı.

Bul aytıp o`tilgen kriteriyalar o`cpirimlerde qay da`rejede qa`lipleskenligin biliw maqsetinde da`slepki waqıtlarda test sorawları, sorawnamalar, anketa soraw juwapların  o‘tkeriw ko‘zde tutıladı. O‘tkerilgen test na`tiyjeleri tiykarında ta`jiriybe ha`m baqlaw toparları ajıratıladı.  Test sorawları joqarıda sanap o`tilgen kriteriyalardı o`zinde ja`mlegen halda IQ da`rejesin belgilewshi to`mendegi parametrlerge salıstırmalı du`zilgen:

1. Ma`sele sheshiwge, fizika pa`nine meyillik da`rejesi.
2. Pa`nge qızıg`ıw da`rejesi
3. Do`retiwshilik aktivlik da`rejesi
4. Do`retiwshilik dıqqattın` ko`p ta`replemeliligi ha`m turaqlılıg`ı
5. A`meliyatqa do`retiwshilik  qollanıw.
6. Ko`z-qarastın` anıqlıg`ı ha`m konkretliligi.
7. O‘z-o‘zin bahalaw.

Aqılıy uqıplılıq testleri mazmun jag`ınan qatar sorawlar ha`m ma`selelerden quralg`an. Olardı sheshiw na`tiyjesi (sarplang`an waqıttı esapqa alıp) balllar jıyındısı menen esaplanadı.

Balalar testler toplamın orınlap bolg`annan keyin olardın` na`tiyjelerin standartlastırılg`an jol menen, ya'g`nıy ha`r bir sınalıwshı alg`an ballar mug`darın esaplaw menen shug`ıllanadı.

Endi uqıplılıqlardın` sıpat ha`m mug`dar xarakteristikasın ko'rip shıg`amız. Uqıplılıqlardın` sıpat xarakteristikası haqqında aytıp o`tilgende adamnın` qaysı xızmette islep atırg`anlıg`ı (konstruktorlıq, pedagog, sport, ekonomika h.t.b.) qaysı xızmet tu`rinde islep o`zin tabıwı, tabısqa erisiw mumkinligi na`zerde tutıladı.

Uqıplılıqlardın` sıpat xarakterisitikası onın` mug`dar xarakteristikası menen u`zliksiz baylanıslı.

Uqıplılıqlardın` mug`darlıq o`lshemi o`zine ta`n tariyxqa iye XIX a`sirdin` aqırı XX a`sir baslarında D.Kettel, L.Termen, B.Skinnerler insandı o'zi shugıllanıp atırg`an xızmetke jaramlılıg`ı, onın` uqıplılıqları da`rejesin anıqlaw usınısı menen shıg`adı. Bunın` ushın aqılıy talant testlerinen paydalanıw usınıs etilgen.

Bunı qanday anıqlang`anlıg`ın ko'rip shıg`amız. İzertileniwshi testlerdin` tamalanıwımenen, onın` na`tiyjeleri standartlasqan halda balları esaplap shıg`ıladı. Bul aqılıy intellekt koeffitsientini (IQ — «ay-kyu») anıqlaw imkaniyatın beredi.

IQ di anıqlawda to`mendegi formuladan paydalanıladı:

$$IQ = \frac{\text{aqılıy jas}}{\text{Anıq jas}} \times 100$$

Aqılıy jas — intellektti anıqlawshı qanday da bir shkala boyınsha belgilenedi. Ma`selen 11,5 jaslı balanın` aqılıy jası 120 ball shkala menen anıqlanadı.

Eger eki bala 100 balldan toplag`an bolsa, biraq olardın` birewinin` jası 9,5 ekinshisinin` jası 12 de bolsa, onday jag`dayda

Birinshi balanın` IQ = $\frac{100}{9,5}$ = 99, 5 ge

Ikkinchi bolaning IQ = $\frac{100}{12}$ = 80,1 ge ten` boladı.

Biraq bul boyınsha L.S.Vigotskiyning kritikalıq pikirleri bar bolıp, eger bala berilgen wazıypanı orınlamasa, onın` uqıplılıq da`rejesi anıqlanadı dep esaplaw nadurıs. L.S.Vigotskiy intellektti anıqlaytug`ın izertlewdi ta`krarıy o`tkeriw lazım ekenligin aytadı, da`slep erkin, son` u`lkenler ja`rdemi menen o`tkerilgen ta`jiriybeler na`tijelerin salıstırıw arasındag`ı parq arqalı anıqlanadı. Intellekt da`rejesin anıqlawdın` bul usılı L.S.Vigotskiy ta`repinen "bala rawajlanıwının` jaqın zonası" dep atalg`an.

Shaxstın` barlıq individual psixologiyalıq o`zgeshelikleri sıyaqlı uqıplılıqlar og`an qanday da bir ta`biyat ta`repinen tuwma ra`wishte, tayar halda berilmeydi, ba`lki turmıs ha`m xızmet protsessinde payda bolıp bara beredi. İnsan du`n`yag`a hesh qanday psixikalıq o`zgesheliklersiz, tek g`ana olardı arttırıwg`a qaratılg`an ulıwma imkaniyatlar menen keledi.

Ha`zirgi waqıtta intellekt nıshanların miydin` ha`m seziw organlarının` mikrostrukturası menen baylanıstıratug`ın teoriya en` na`tiyjeli esaplanadı. Miy kletkaların teren` u`yreniw uqıplı adamlardın` nerv toqımaların ko`rsetetug`ın morfologiyalıq ha`m funksional o`zgesheliklerinde ayırmashılıq bar ekenligin anıqlaw imkaniyatı dep shamalaw mu`mkin. Sonday-aq, uqıplılıq nıshanlarının` nerv protsesslerinin` ayırım differensial o`zgeshelikleri menen (nerv kushi, ten` salmaqlılıg`ı ha`m ha`reketshen`ligi u`stindegi pikirlerge qarap) ha`m sonın` menen joqarı nerv xızmeti menen baylanıstırıwshı gipoteza da haqıyqatqa jaqın.

Bulardan tısqarı, uqıplılıqlardın` tabiyiy tiykarlarının` nerv sistemasının` jeke o`zgeshelikleri dep atalg`an o`zgeshelikler menen baylanıstıratug`ın, yag`nıy ayırım adamlarda ko`riw, basqa adamlarda esitiw, ushinshi birewlerinde bolsa ha`reket tarawında ko`rinetug`ın o`zine ta`n tipologiyalıq o`zgeshelikler

menen baylanıstıratug`ın gipotezalar ja`ne de haqıyqatqa jaqınıraq. Statistikaılq uqıplılıqlar ha`m intellekttin` genlik jolı menen o`tiwin da`liylleytug`ın hesh qanday da`liyller bermeydi. Uqıplılıqlardın` genlik jolı menen o`tiwi haqqındag`ı ilimiy teoriyag`a da qarama – qarsı. Psixologiya pa`ni differensial uqıplılıqlardın` tuwma bolıwın inkar etpegen. Uqıplılıqlardın` rawajlanıwına ta`biyiy derek bolıwshı is-ha`reket organları du`zilisindegi bul morfologiyalıq ha`m funksional o`zgeshelikler uqıplılıq dep ataladı.

Uqıplar tu`rlishe bag`darda boladı, bir uqıp tiykarında tu`rli uqıplılıqlar qa`liplesiwi mu`mkin, bul xızmet «xarakter»ine baylanıslı. Bugingi kunde uqıplılıqlardı rawajlandırıwda ta`biyiy tiykardın` materiallıg`ı haqqındag`ı gipotezalardın` durıs yaki nadurıs ekenligi haqqında ko`plep mag`lıwmatlar aytıw mu`mkin. A`lbette uqıplıılqlar tu`sinigi sıyaqlı uqıplılıq mashqalası da o`z tariyxına iye. Biraq, bul ma`slenin` durıs sheshimi ele de aqırına jetpegen.

Uqıplılıqtı genlik tiykarları boyınsha pa`nde tu`rli qaraslar bar. Avstraliya alımı F.Gall (1758-1828) miy ha`m ayrıqsha uqıplılıqlar arasında baylanıslılıq bar degen gipotezanı ilgeri qoyadı. Bul gipoteza qashanlar durr ju`da` dan`qı shıqqan edi, ol uqıplılıqlardı miy menen baylanıstırg`an edi. Biraq F.Galldın` aqıldın`, talant ha`m uqıplılıqlardın` sıpatı miydin` u`lken yarım sharlarında ayırım jerlerinde jaylasqan degen pikiri pa`nde biykar etilgen. Biraq elege shekem miydin` awırlıg`ı ha`m uqıplılıqlar arasında baylanıslılıq bar degen pikirler bar. Ulken man`laylı adamlardı aqıllı, aqıl-parasatlı, mashqalalardı tez sheshe alıwshı boladı degen pikirge elege shekem dus kelemiz ha`m kerisinshe man`layı tar bolg`an adamlarg`a salıstırg`anda qarama-qarsı pikirler bildiriledi. A`lbette, bul pikirler o`z da`liylin tappag`an. Insan miyinin` awırlıg`ı da uqıplılıqlar haqqındag`ı baylanıslılıq haqqındag`ı pikirler de tastıyıqlanbag`an. Ulken adam miyi 1400 g awırlıqqa iye. I.S.Turgenevtin` miyinin` awırlıg`ı 2012, D.Bayrondıki -1800g., N.Franeniki 1017, ataqlı ximik Yu.Libixtiki 1362 g. Bolg`anlıg`ı anıqlang`an.

Ja`ne bir aqılı zayıl adamnın` miyinin` awırlıg`ı u`lken bolg`an (2kg.g`a jaqın). Demek joqarıda aytıp o`tilgen pikirler o`z tasıyıg`ın tappag`an. Pa`n bolsa izleniwlerdi dawam ettirmekte.

Bugingi kunde uqıplılardın` miyinin` mikrosisteması ha`m seziw organları arasındag`ı baylanıslılıg`ı haqqındag`ı gipoteza o`zinin` na`tiyjeliligi menen ko`rinbekte. Bul boyınsha JNXinin` turleri, sonday-aq, JNXnin` arnawlı tu`rleri, psixikalıq xızmeti u`stemlik etiwshi birinshi signallar sisteması ha`m ekinshi signallar sistemasının` u`stinligi haqqındag`ı ta`liymatları na`zerde tutılg`an. Sonı umıtpaw kerek ha`r qanday qızıg`ıwshılıq uqıplılıq da`rejesine jntiwi ushın belgili rawajlanıw jolın basıp o`tiwi lazım. Ha`r qanday uqıplılıqtın` birinshi etabı za`ru`r organikalıq sistemalar ha`m funksional organlardın` jetilisiwi menen baylanıslı. Arnawlı uqıplılıqlardın` qa`liplesiwi kishi ha`m orta mektep jasına sheke dawam etedi. Baqlawlar sonı ko`rsetedi, uqıplılıqlardın` aktiv qa`liplesiwi shaxs rawajlanıwının` da`slepki basqıshlarında ko`rine baslaydı. Sonday waqıyalar belgili, olardan Motsart 9 jasında muzıkalıq pessalardı sherte baslag`an. Rafael 8 jasında, Repkin - 4 jasında su`wret sıza baslag`an, Pushkin 7 jasında. Lermontov bolsa - 8 jasında qosıq jazg`an. Kibernetika atası Viner 12 jasında universitetke oqıwg`a kirgen. Biraq uqıplılıqlardın` keshirek payda bolıwı da mu`mkin.

Insannın` uqıplılıqların` rawajlanıwshı xızmetke qoyılatug`ın tiykarg`ı talaplar:

Xızmettin` do`retiwshilik xarakteri:

- za`ru`r motivatsiya ha`m za`rur emotsional tayarlıqtın` ta`miyinleniwi.

Sonı ayrıqsha atap o`tiw za`ru`r, eger orınlanıp atırg`an xızmet joqarı qıyınshılıqta bolsa, ol o`spirimnin` uqıplılıqlarının` rawajlanıwına tiykar boladı, bunı L.S.Vigotskiy rawajlanıwdın` jaqın zonası dep atag`onı umıtpaw kerek o`spirim ushın, onın` uqıplılıqlarının` rawajlanıwı ushın en` sheshiwshi sha`rayat ta’lim ha`m ta`rbiya esaplanadı.

Bugingi kunde Respublikamızda uqıplılıqlardı qa`liplestiriw mashqalası sotsial ha`m ma`mleketlik mashqala da`rejesine aylang`an, bul mashqalanı

sheshiw maqsetinde Respublika diagnostika oraylarıı ha`m barlıq oblast` ha`m rayonlarda sho`lkemlestirilgen. Bugingi ku`nde arnawlı uqıplılıqları anıqlang`an oqıwshılar o`zlerinin` ziyrekligin ko`rsetken halda ka`sip-o`ner kollejleri ha`m akademiyalıq litseylerge erkli ra`wishte o`z islerin dawam ettirip, o`z jolların tan`lamaqta. Bu`gingi kunde psixologiya pa`ni bul jolda za`ru`r orınlardı iyelep kelmekte.

Prezidentimiz I.Karimov bul boyınsha: «Biz talantlı, pidayı balalarımız, perzentlerimizge bilim ha`m ka`sip shoqqıların iyelewi ushın qanat beriwimiz kerek», degen pikirleri joqarıda bayan etilgen pikirlerdin` - ayqın da`liyli.

Insan uqıplılıqların rawajlandırıwdın` za`ru`r faktorların rawajlandırıwdın` za`ru`r faktorları – turaqlı arnawlı qızıg`ıwshılıqlardan ibarat. Arnawlı qızıg`ıwshılıqlar – bul insaniyat xızmetinin` qanday da bir taraw mazmunına bolg`an qızıg`ıwshlıqları bolıp, bul qızıg`ıwshılıqlar mine usı tu`rdegi xızmet penen ka`sip boyınsha shug`ıllanıw meyilligine rawajlanadı. Biliwge ta`n qızıg`ıwshılıqlar bul orında xızmet usılları ha`m metodikaların a`meliy ra`wishte iyelep alıwda qollap quwatlanadı.

## 2.2. O`spirimlerdin` do`retiwshiilik uqıplılıqların anıqlawshı metodlar.

O`spirimlerdin` do`retiwshilik uqıplılıqların to`mendegi metodlar ha`m sorawnamalar ja`rdeminde anıqlawg`a boladı.

### Aqildi o`lshewdin` «Veksler shkalasi»

Intellektti tekseriwdin` en` ken` tarqalg’an metodlarinin’ biri Amerikaliq psixolog ha`m psixiyatr D.Veksler (1949) ta’repinen islep shig`arilatug`in balalar intellektin` o`lshew shkalasi. (Bul metodikag`a 1974 jilda song`i ret 5-jastan 15-jasqa shekemgi bolg’an balalardi tekseriw ushin o`zgertiwler kiritildi).

Rossiyada birinshi bolip Veksler shkalasi V.M.Bexterev atindag`i Lelingrad psixonevrologiyaliq ilim-izertlew institutinda iykemlestirilgen. Metodika B.G.Ananiev (1969) mektebi psixologlari ta’repinen intellekt rawajlaniwin uzaq jillar u`yreniwde sonday aq balalarda rawajlaniwdan shetke shig’ariwlar ha`m

arqada qaliwlardi differentsiyal–diagnostika qiliwda ken` qollanilg`an. (A.I.Panasyuk, 1973) Izertlew o’tkeriwde arnawli qarardan paydalaniw za`ru`r.

1. Uliwma bilim subtesti. Og`ada a’piwayi mag’liwmatlar ha`m bilimlerdi, xabarlardi tekseredi. 3 soraw beriledi ha’r bir duris juwap 1 ball menen bahalanadi. Ma’selen: Ha`ptede neshe ku`n bar? Jildin` to`rt ma`wsimlerin aytin`? Asqazan ne ushin kerek?

2. Uliwma ziyrekler subtesti. Atamalardin’ mazmunin toliq tu’siniwin, pikirlew qa’biletin sotsialliq shegaralarin tu’siniwin bahalaydi. Sinaliwshinin` su’wretlengen jag’dayda mu’mkin bolg’an sheshimler haqqinda juwap beriw talap etiledi. 14-sorawg`a juwap beriledi, juwaptin` aniqlig`ina qaray baha qoyiladi: 0,1,2 ma’selen barmag`in`izdi kesip alsan`iz ne qilasiz? (magazinge) Du`kang`a nan aliw ushin kelsen`iz, ol jerde nan joq bolsa, siz ne qilasiz? Ne ushin jina`yatshilardi qamaqqa qamaydi?

3. Arifmetikalik subtest. Sinaliwshi diqqattin` toplaniwin, sanli an`latpalardi tez sheshiwdi tekseredi. Sinaliwshidan arifmetikaliq ma’seleler seriyasin awizeki sheshiw talap etiledi. Juwaptin` aniqlig`ina, ketken waqtina baylanisli ta`rizde baxa qoyiladi. Ma’selen: Sizde 8 top bar edi, jane altawin satip alip berdi, toplar sani neshe boldi?

4. Uqsasliqti tabiw subtesti. Tu`siniklerdin’ qa’lipleskenligi, klassifikatsiya salistiriw, abstraktlastiriw qa’biletleri tekseriledi. 16 jup tu`sinikler beriledi. Sinaliwshinin’ tu`sinikleri jubi ortasindag’i uliwmaliqti tabiw talap etiledi. Uliwmalastiriw da’rejesine baylanisli ta`rizde 0-2 balg`a shekem baha qoyiladi. Ma’selen «Ku`shik–pishiq» tu`sinikleri ortasindag`i uliwmaliqti tabiwda juwaplar to’mendegishe bahalaniwi mu’mkin. Tez ju`giredi, shaqqan (0 ball) 4 ayag`i (2 ball) ju`ni qulaqlari bar (1 ball) haywanlar, tiri maqluq su`t emiziwshiler.

5. So`zler subtesti. Awizeki ta’jriybeni u`yreniwge tiykarlang’an (so`zdin` ma’nisin aniqlaw ha`m tu’siniw) 40 so`z mag’anasin tu’sindiriw ushin beriledi. 0-2 balg`a shekem baha qoyiladi.

6. Sanlar qatarin qaytalaw subtesti. Qisqa muddetli este saqlaw ha`m diqqatti u`yreniwge qollanilg`an, 2 bo’limnen ibarat: sanlardan duris ha`m kerisinshe ta`rtipte eslep qaliw ha`m qaytalawdan ibarat. On` ha`m teris qaytalawlardi bahalaw qatardag`i duris eske tusirilgen tsifrlar sanina ten`. Subtesttin` uliwma bahasi on` ha`m teris qaytalawlardin’ uliwma bahasina ten`.

7. Jetispeytug`in bo`lekti tabiw subtesti. Ko`riw jetiskenligi, o`zgeshelikleri baqlawshiliqti, za`ru`r bo`leklerdi ayirip aliw qa’biletin u`yreniwge qolaylang’an. Sinaliwshig`a 20 su’wret ko’rsetiledi. Olardin’ ha`r qaysisinda jetispeytug`in bo`legi yamasa sa’ykes emeslikti tabiw kerek. Duris juwap 1 ball menen bahalanadi. 15 sekundtan kem waqitta.

8. Su’wretler izbe – izligi subtesti. Bo’leklerdi logikaliq bir pu’tin etip birlestirip, jaylasiwin tu’sindiriw, waqiyalardi aldinan biliw qa’biletlerin tekseriwde qolaylang’an. Su’wretlerdin’ 2 seriyasi beriledi. Ha’r bir seriyada su’wretler syujet penen birlestirilgen bolip sinaliwshi syujetke say tarizde olardin’ belgili izbe-izlikte jaylastiriw kerek. Tapsirma waqitqa ha`m duris orinlang’anlig’ina baylanisli tu’rde.

9. Qos kubikler testi. Metod bo’leklerden pu`tindi birlestiriw qa’biletin sensomotr koordinatsiyani tekseriwge qaratilg’an. Sinaliwshi berilgen u`lgige qarap ha’r qiyli ren`li kubiklerden usinday figuralar jasawi kerek. 10 figura beriledi. Ha`r bir tapsirma boyinsha waqit shegaralang’an boladi.

10. Figura jasaw subtesti. Bag’darlaniwina qaray 9 subtestke uqsaydi. Sinaliwshig`a belgili izbe – izlikte 4 figuranin` bo`lekleri beriledi. (Maniken, at, adam basi, mashina) sinaliwshig`a bul bo`leklerden kerek ekenligi aytilmaydi. Tapsirmani duris orinlaw ushin ketken waqitqa baylanisli jag’dayda da sinaliwshig`a baha qoyiladi.

11. Tsifrlardi tsifrlaw subtesti. Ko`riw ha’reket ta’jriybelikti o`zlestirgenlik da’rejesin aniqlawg`a qolaylang’an. Tapsirma ha’r bir tsifrdin` astindag`i kletkag`a olarg’a say belgini jaziwdan ibarat. Orinlaw waqti 120 sekund. Duris tsifrlang’an tsifrlar sani sinaliwshinin` baxasina ten` boladi. Daslep «A» forma, son «B» forma ko’rsetiledi.

12. Labirintler subtesti. Bag'darina qaray 2-subtestke uqsaydi. 9 labirintti o`z ishine aladi. «Shig`iw» waqti esapqa alinadi.

UISK metodikasindagi qosimsha subtestler («tsifrlardi eslep qaliw» ha`m «labirintler») tapsirmanin` tiykarg'i gruppalari menen birge o`tkeriliwi mu'mkin. bul jag'dayda intellekt koeffitsenti (J.K.)ni aniqlawda olardin' ko'rsetkishlerin esapqa aladi.

Test na'tiyjelerin qayta islewde verval ha`m verval emes subtestlerdin' ha'r birewi boyinsha aling'an ballar qosindisi tabiladi. «aling'an» ballardi shkala ballarina aylandiriw tablitsag`a muwapiq ha'r bir o`z aldina subtestlerdi orinlaw na'tiyjelerinin' standart bahalarin aliw mu'mkin. «Aling'an» ballar Verval emes subtestler.

1. Bilimlik. 1 qosindisi boyinsha (testtin` o`z aldina verval, verval emes bo'limleri boyinsha shkala bahalarin, verval emes ha`m uliwma ko'rsetkishleri alinadi). Veksler testi boyinsha ko'rsetkishler analizinin' jas shegaralarin esapqa alg`an jag'dayda o`tkeriledi.

1963 jilda 4-5-6 jasli balalardin' intellektin tekseriw ushin shkala islep shig`arildi. (Wechsler Preschool and Primarv Scale of intelligence. WPPSI). Intellekt shkalasinin` bul varianti, bizin` ma'mleketimizde iykemlestirilgen.

«U`y haywani» subtesti tsifrlardi shifrlaw subtestlerine uqsaydi. Bul tapsirmani orinlawda balag`a ku`shik, baliq, ha`m pishiq su'wretlengen karta ko'rsetiledi. Kartanin` joqarg`i bo'liminde ha'r qiyli ren`degi tsilindr su'wret klyuchi (haywan u`yi) jaylastiriladi. Bala su'wretlerge sa'ykes haywan u`ylerin qoyip shig'iwi kerek. Bala tapsirmani duris orinlag`anina ha`m ketken waqitqa baylanisli ta`rizde baha qoyiladi.

«Geometriyaliq sxemalar» subtestinde ren`li qabatlar ja'rdeminde 10 a'piwayi su'wretti siziw kerek. «ga`pler» subtestti sanlar qatarin qaytalaw subtestine uqsaydi. Sinaliwshi eksperimentatordin` izinen aytilg'an ga`plerdi qaytalaw kerek. UISK. UPPSI shkalasi subtestleri birgelikte intellekt funktsiyalari jag'daylari haqqinda bilip aliw imka'nin beredi.

Veksler shkalasi subtestleri ja’rdeminde aniqlaytug`in intellektual funktsiyalari

(Tablitsa 1)

| Subtest | U`yrenilip atirg`an funktsiya | Na’tiyjege ta’sir etetug`in faktor |
|---|---|---|
| Bilimlilik | Yadta materialdi uzaq waqit saqlaw ta’jriybenin` bir boliwi assotsiyatsiyalari | Ma’deniy ortaliq qizig`iwlar |
| Ziyreklik | Abstrakt sani, bilimlerdin’ bar boliwi, tu`siniklerdin’ qa’lipleskenligi. | Ma’deniyatli qatnas qiliw, real jag’daylarg’a qatnas. Diqqat ko’lemi |
| Arifmetika | Yadta arifmetikaliq a`mellerdi saqlaw | Tiykarg`i arifmetikaliq a`mellerdi iyelew mu’mkinligi |
| Uqsasliqti tabiw, so`z baylig`i | Qatnaslar, o`z ara baylanislar analizi, verval tu`siniklerdin’ qa’lipleskenligi | Ma’deniy qatnas qiliw |
| So`z baylig`i | Tildin` rawajlang’anlig`i tu`siniklerdin’ qa’liplesiwi | Ma’deniyatqa aralasiw mu’mkinshiligi |
| Sanli qatarlar | Tez qayta eske tu`siriw, esitiw obrazlari | Diqqat ko’lemi |
| Su’wretler izbe – izligi | Qatnasiqlardi ko`riw oylaw | Ma’deniyatqa aralasiw mu’mkinshiligi |
| Jetispegen bo’limler | Ko`rip oylawin analiz, ko`riw obrazlari | Do’gerek a’tirapti ko`z aldina keltiriw |

| | | |
|---|---|---|
| | | ta’jiriybesi |
| Figuralardi jaziw | Ko`rip oylawin, sintez ko`riw ha’reketi, taliqlaw | Ha’reket aktivligi ha`m aniqlig`i |
| Koss kubiklari | Formasin ko`z aldina keltiriw, ko`rip oylaw, analiz. | Ha’reket aktivligi da’rejesi, ren`i, ko`riw da’rejesi |
| Shifrlaw | Tez oylaw, ko`riw obrazlari | Ha’reket aktivligi |

Sinaliwshi aql rawajlaniw da’rejesin aniqlawda onin’ aqirg`i na’tiyjesi emes al ha’r qaysi o`z aldina aling’an subtestler boyinsha aling’an na’tiyjelerdi de taliqlaw u`lken a’hmiyetke iye boladi. Sonday – aq bir waqitqa uliwma juwmaq du`ziwde, o`z aldina subtestler boyinsha aling’an na’tiyjeler g`ana emes basqa metodikalardan aling’an na’tiyjelerdi de esapqa aliw za`ru`r.

**Intellektti o`lshewdin` standartlastirilgan metodi.**

Ha`zirgi ku’nde balalalar intellektin o`lshewde usi metodtan ken` paydalanbaqta. Usi test baladag’i verval ha`m noverval bolg’an ziyrekligin aniqlawg`a qaratilg’an. Soni aytip o`tiw kerek, balanin’ kognetiv ha`m so’ylewinin` rawajlaniwin aniqlawshi metodlar ko’plep tilek ha`m qa`lew menen qollaniladi. Bunday protsesste balalardin’ kvalifikatsion ballari arqali o`z ten`lesleri arasinda 70% ziyrek  balalari tan’lap alinadi.

**Stanford – Bine boyinsha intellektti aniqlaw shkalasi.**

Stanford – Bine intellektual test bolip  u`lkenlergede qollansa boladi. Test tapsirmasinda tiykarinda Verval tarmaqqa itibar beriledi ha`m sonin’ menen birge ko’plegen tapsirmalar kishkene jastag`ilar ushin bolg’anlig`ina aniq ha’reket reaktsiyasi talap etiledi. Bul test aqıliy jasti belgilep beredi. Stanford – Bine boyinsha o`lshew sistemasi qarag’anda aniq aqliy ta’repleri orta esapta 124 baldan kem bolmawi kerek ha’mde sonday metodikalar bar. Stanford – Bine sistemasi boyinsha aling’an ko’rsetkishler balalardin’ pikir ju`ritiw xizmeti da’rejesin tekseredi. Bul model strukturasinin` tiykarshisi Gilford esaplanadi

(1978). Kishi mektep jasi ha`m mektepke shekemgi bolg'an balalar ushin Veksler boyinsha intellektti o`lshew shkalasi to'mendegi test baladag'i uliwma aqliy xizmetti o'lshep beriwshi individual test bolip esaplanadi. Veksler shkalasi 2 bo'limnen ibarat:

Verval shkala ha`m is–ha'reket shkalasi bul shkalalardin' ha'r birinde 5 den subtest ja'mlengen. Verval shkalasinin' subtestleri balanin' tu'siniwin, qabil etiw protsessin, arifmetikaliq a`mellerdi uqsasliqti tabiwdi ha`m so`z baylig`in rawajlandiriw ha`m da'rejesin tekseriwge qaratilg'an.

Is – ha'reket shkalasi bolsa o'zine kubiklardi konstruktorlaw, labirintler, su'wretti aqirina jetkeriw, kodlastirilg`an oyinlardi ja`mlegen. Slasson boyinsha balalar intellektin o`lshew Slasson testi joqarida aytip o'tkenimizdey balalarg'ada ha`m u`lkenlergede islep shigarilg`an. Bul testtin` basqalardan parqi sonda, sorawlarg'a juwaplar awizeki alinadi, tek g`ana is ha'rekette balani aniqlamaqshi bolsa, onday jag'dayda qa`lese ha`m qag`azdan paydalaniwimiz mu'mkin.

Sonday-aq o`spirimlerde do`retiwshilik uqıplılıqtı anıqlawda E.E.Tuniktin` «Do`retiwshilik uqıplılıqların bahalaw sorawnaması» nan paydalansaq ta boladı. Bul sorawnama shaxsta do`retiwshilik xızmet penen baylanıslı bolg`an to`rt tiykarg`ı o`zgeshelik-qızıg`ıwshılq, jaqsı rawajlang`an qıyal, quramalılıq, ta`wekelshilikke meyillik da`rejesin anıqlawg`a xızmet qıladı. Soraw to`mendegi mazmunda o`tkeriledi.

1. Eger durıs juwaptı anıq bilmesten, onı shamalap tabıwg`a ha`reket etemen.

2. Buyımlardı olrdın` da`slep ko`zge taslanatug`ın detalların bayqaw ushın anıq ko`zden o`tkeremen

3. Bilmegen na`rsemdi, a`dette sorap biliwge umtılaman.

4. Jumıstı birinshi rejelestirip alıw mag`an unaydı.

5. Jan`a oyında qatnaspastan aldın, mende ol oyında jen`ip shıg`ıwg`a isenim bolıwı kerek.

6. Mag`an o`zim bilip alıw yaki orınlawım kerek bolg`an na`rseler haqqında oylaw unaydı.

7. Eger qanday da bir isti a`melge asıra almasam, onı maqsetime erispegenshe isley beremen.

8. Basqalarg`a tanıs bolmag`an oyındıonda qatnasıw ushın hesh qashan tan`lamayman.

9. Qanday da bir jumıstı orınlawdın` jan`asha usılların oylap tapqannan go`re ha`mmesin ha`r dayımg`ıday orınlay beremen.

10. Tartısıwda dus kelgen na`rseni isley alaman.

11. Sulıw jigit (qız) benen so`yleskin`iz kelse so`ylesiwge uyamayman.

12. Qattı ashıwlanbayman?

13. Ortasha keypiyatta jumıs isley alaman.

14. So`ylew sha`rt emes bolg`an jerde so`ylep qoyıp keyin qa`wetirlenbeymen.

15. Adamlar menen sa`wbetlesiwdin` ornına kitap oqıg`andı unatasızba?

16. Sizdi o`kpeletiw an`satpa?

17. Doslar a`tirapında bolg`andı unatasızba?

18. Basqalardan jasırg`ın`ız keletin oyların`ız barma?

19. Birden jumısların`ızdı islep taslaysız, al geyde esh na`rse islewdi qa`lemeysizbe?

20. Az biraq sadıq doslarg`a iye bolg`andı maqul ko`resizbe?

21. Armanshılsızba?

22. Sizge baqırg`anlarg`a, solay juwap qaytarasızba?

23. O`zin`izdi ayıplı sezinesizbe?

24. Ha`mme a`detlerin`iz jaqsı dep oylaysızba?

25. Shawqımlı kompaniyada bolwdı unatasızba?

26. O`zin`izdi ta`sirshen` adam dep esaplaysızba?

27. A`tirapın`ızdag`ılar sizdi kewilli adam dep esaplayma?

28. Kerekli jumıstı bitirip bolg`annan son`, onı onnanda jaqsıraq etip islew alıwım mu`mkin edi dep oylanasızba?

29. Tanımaytug`ın adamlardın` ortalıg`ında u`ndemey otırasızba?

30. O`sek aytasızba?

31. Oyın`ızg`a kelgen ha`r qıylı pikirlerden uyıqlay almaysızba?

32. Bir na`rseni bilgin`iz kelse onı kitaptan oqısan` yamasa birewden sorag`andı maqul ko`resizbe?

33. Ju`regin`iz tez-tez uradıma?

34. Ha`r dayım itibarlı bolıw kerek bolg`an jumıslardı unatasızba?

35. Kishkene waqıtın`ızda sizge tapsırılg`an wazıypalardı tez orınlaytın edin`izbe?

36. Sizde qaltıraw jag`dayları boladıma?

37. Ja`miyette bola turıp, ko`rinbewge ha`reket isleysizbe?

38. Siz ashıwshaqsızba?

39. Shaqqanlıqtı talap etetug`ın jumıslardı unatasızba?

40. Bolıw mu`mkin bolg`an unamsız ha`diyselerden qorqasızba?

41. A`ste asıqpay qa`dem taslaysızba?

42. Jumısqa yamasa ushırasıwg`a kesh qalg`an waqtın`ız boldıma?

43. Tez-tez qorqınıshlı tu`sler ko`resizbe?

44. So`yleskendi ju`da` unatasız ha`m tanıs emes adamlar menen tez tanısıp so`ylesip kete alasız?

45. Awırıp qalıwdan qa`wetirlenesizbe?

46. Ko`p waqıt adamlar arasında bolmasan`ız o`zin`izdi baxıtsız dep esaplaysızba?

47. O`zin`izdi ashıwshaq adam dep ayta alasızba?

48. Tanısların`ız arasında o`zin`izge ulıwma unamaytug`ınlar barma?

49. O`zime tolıq isenemen dep ayta alasızba?

50. Oqıwda da, ju`da` ko`p qızıqlı mashg`ulatlarım bar.

Na`tiyjelerdi qayta islew ha`m bahalaw.

Sınalıwshının` barlıq juwapları gilttin` «awa», «yaq» juwap variantlarına say kelse ja`mi 100 ball toplanıwı mu`mkin.

Eger sınalıwshı barlıq sorawlarg`a «itimal» degen juwap variantı arqalı mu`na`sebet bildirgen bolsa, onın` juwmaqlawshı na`tiyjesi 50 ballg`a ten` keledi.

Sınalıwshının` alg`an ballı qa`nshelli joqarı bolsa, onın` do`retiwshilik uqıplılıg`ı sonshelli da`rejede joqarı boladı.

Juwmaqlaw.

Joqarıda bayan etilgen pikirlerge tiykarlanıp to`mendegi juwmaqqa keliwimiz mu`mkin:

Uqipliliqlar – shaxstin’ individual o`zgesheligi bolip, og’an bilimler ko’nlikpeler sheberliklerdi o’zlestiriwdi toliqlig’i, tezligi, jen’illigi, teren’ligi ha’mde tu’rli xizmetti o’zlestiriw ha`m oni tabisli orinlawg’a baylanisli. Sonı aytıp o`tiw lazım, sotsial ortalıqta ta`lim-ta`rbiyag`a shaxstın` o`zi aktiv qatnasqanda g`ana onın` tuwma uqıplılıg`ı oyanadı, o`zindegi talantı rawajlandıra aladı Eger adam o`z jumısın jaqsı ko`rse, onın` sol tarawdag`ı talantı tezirek ha`m ku`shlirek ju`zege shıg`a baslaydı.

O`spirim menen mu`na`sebette bolıwda sabır, shıdam, awır basıqlıq za`ru`r. Og`an erkinlik beriw, buyrıq emes, kerisinshe, ma`sla`ha`t beriw bul jastag`ı oqıwshılardı durıs ta`rbiyalawdın` girewi.

1. Shaxs sanalı xızmet penen shug`ıllanıwshı sotsial janzat bolıp, sotsial mu`na`sebetler o`nimi esaplanadı.

2. Shaxstın` qa`liplesiwi genlik-sotsial faktorlar ha`m de ta`rbiyag`a baylanıslı.

3. Shaxstın` qa`liplesiwinde xızmet o`zine ta`n, za`ru`r o`zgesheliklerge iye. Sebebi, shaxs xızmet ja`rdeminde g`ana sotsial barlıq penen bolatug`ın mu`na`sebetti jolg`a qoyadı, sonın` tiykarında onın` biliw uqıplılıg`ı rawajlanadı.

4. Shaxs fizikalıq ha`m psixologiyalıq jaqtan kamal tawıp barar eken, fiziologiya, pedagogika ha`m psixologiya pa`nlerinde “jas da`wirleri” dep atalg`an basqıshlardı basıp o`tedi. Jas da`wirleri shaxstın` jas ha`m psixologiyalıq o`zgeshelikleri boyınsha to`mendegishe toparlarg`a ajıratıladı: go‘deklik da`wiri, yasli da`wiri, mektepke shekemgi ta`rbiya jası, kishi mektep jası, o‘smirlik ha`m o`spirimlik da`wiri.

Do`retiwshi jaslardı ta`rbiyalaw protsessinde to`mendegi jag`daylar ju`zege keledi:

1. Ta`rbiya ja`rdeminde ortalıqtın` unamsız ta`siri na`tiyjesinde ju`z bergen kemshiliklerdi de tamamlaw mu`mkin.

2. Ta`rbiya insan xızmetinin` keleshek maqsetin belgileydi. Sonın` ushın ol shaxs kamalatın ta`miyinlewde jetekshi rol oynaydı.

3.Insannın` ruwxıy jaqtan o`siwi ju`z beredi, ortalıqtı stixiyalı ta’siri bere almaytug`ın sıpatlar qa`liplesedi. Ma`selen, bala o‘z ana tilin a`tiraptı orap turg`an ortalıqtın` ta`sirinde u`yrenip alıwı mu`mkin. Biraq oqıw ha`m jazıwdı arnawlı ta`lim jolı menen g`ana u`yrenedi. Bizge belgili bilim, ko‘nlikpe ha`m sheberlikler tek g`ana ta`rbiya protsessinde iyelenedi.

4. Ta`rbiya ja`rdeminde ha`tteki insannın` ayırım tuwma kemshiliklerin de unamlı ta`repke o`zgertiw mu`mkin. Sonlıqtan, ayırım balalar ayırım kemshilikler menen tuwıladı. Biraq arnawlı sho`lkemlestirilgen ta`rbiya ja`rdeminde olardın` aqılı tolıq rawajlanadı, tuwma kemshiligi bolmag`an adamlar menen barabar xızmette bolıwı mu`mkin.

Uqıplılıq ha`m talanttın` ju`zege shıg`ıwında insannın` belgili bir xızmet tu`rine qızıg`ıwı menen bir qatarda onın` o`z u`stinde islewi de za`ru`r a`hmiyetke iye. Talantlı adamlar o`z talantları- ziyreklik ku`shin tolıq ju`zege shıg`arıw ushın o‘z ustilerinde tınbay islewleri, miynet etiwleri sha`rt.

## Usınıslar.

Ta`biyiy, oqıwshılardın` o`z maqsetlerine erisiwleri ushın ta`lim orınlarında alg`an bilim, ko`nlikpe ha`m sheberlikleri kemlik qıladı. Olar joqarı maqset jolında o`z u`stilerinde tınbay izleniwleri, sotsial mu`na`sebetler protsessinde aktiv qatnasıwları lazım.

Pa`nlerden o`zlestire almay qalg`an oqıwshılardı uqıpsız dep aytıw qa`te, oqıtıwshının` birinshi gezektegi wazıypası – ha`r bir oqıwshının` jas ha`m psixologiyalıq o`zgesheligin teren` u`yreniw, onın` qızıg`ıwı ha`m qa`lewlerin anıqlaw, olardı esapqa alg`an halda pedagogikalıq is-ilajlardı ko`riw. Ulıwma alg`anda, pedagogikalıq jaqtan durıs sho`lkemlestirilgen ha`r qanday xızmet bala shaxsının` aqılıy, estetikalıq, fizikalıq ha`m de erklik jaqtan rawajlanıwına unamlı ta`sir etedi.

O`spirim shaxsının` rawajlanıwı ushın aktiv kundelik xızmet za`ru`r. Xızmet ja`eminde g`ana bo`spirim a`tirap-ortalıq penen mu`na`sebetti sho`lkemlestiredi, sol arqalı onın` biliw uqıplılıg`ı rawajlanadı, xarakter sıpatları qa`liplesip, kamal tabadı.

Bunnan tısqarı to`mendegi jumıslardın` sıpatın ta`miyinlew lazım:

- O`spirimler menen individual xızmet alp barıw;
- Tusindiriw ha`m en` jaydırıw islerinde jan`a texnologiyalardı qollanıw;
- Sotsial o`zgerisler a`hmiyetin o`cpirimler sanasına anıq jetkeriw;
- auditoriyadan tısqarı ta`rbiya islerin qa`liplestiriw;
- erkin pikirlew protsessin rawajlandırıw;
- oqıwshılardın` bos waqtın maqsetli rejelestiriw tiyis.

## Paydalanılg`an a`debiyatlar dizimi:


1. Karimov LA. Barkamol avlod - O'zbekiston kelajagining poydevori.T. 1997.
2. Barkamol avlod orzusi. T. 1999 .
3. Karimov I. Vatanimizning tinchligi va qavfsizligi o'z kuch - qudratimizga, halqimizning hamjiqatligi va buqilmas irodasiga boqliq. T. "O’zbekiston"nashriyoti. 2004. 32 b.
4. Davletshin M.G. Umumiy psixologiya. T. ToshDPU.2002.(o'quv qo'llanma).
5. Davletshin M.G. "O'quvchilarning texnika qobiliyati psixologiyasi" Toshkent 1971
6. Karimova V. Ijtimoiy psixologiya va ijtimoiy amaliyot. T. 1999.
7. Karimova V. Akramova F. Psixologiya. T. 2000.
8. Karimova V. Psixologiya. (o'quv qo'llanma).T. 2002.
9. Kap-Kalik. Uchitelyu o pedagogicheskom obqenii. M. "Prosveqenie". 1987. ( o'quv qo'llanma).
10. Karimov I.A. Yuksak malakali mutaxassislar taraqqiyot omili. T.: O‘zbekiston, 1995. -23 b.
11. B.Ziyomuxammadov . Komillikka eltuvchi kitob.“Turon-iqbol nashryoti”, Toshkent, 2006. 189-262betlar
12. Iragimov X.I.Abdullaeva Sh.A.Pedagogika.(o‘quv qo‘llanma). Toshkent:”Fan” ,2004. 184-bet.
13. I.A.Karimov. Barkamol avlod-O‘zbekiston taraqqiyotining poydevori. Tosh.: “Sharq”nashryoti,1997,42-bet.
14. Iragimov X.I.Abdullaeva Sh.A.Pedagogika.(o‘quv qo‘llanma). Toshkent:”Fan” ,2004. 184-bet.
15. Davletshin M.G. va boshqalar. Qobiliyat va uning diagnostikasi. - T.:O‘qituvchi, 1997. -134 b.
16. E.G‘oziev. Pixologiya.(o‘quv qo‘llanma) T.:O‘qituvchi,1994.224 b.
17. E.G‘oziev. Oliy maktab pixologiyai. T.O‘qituvchi,1997. 104 b.
18. E.G‘oziev, G.To‘laganova. Pedagogik psixologiya asolari.(o‘quv metodik qo‘llanma) T.:Univeritet, 1997. 80 b.

19.Z.T.Nishonova . Ijodiy mustaqil fikrni tarbiyalashda o‘qituvchining rolini yanada oshirish // Ta’lim va tarbiya. – 2001. -№1-2 . -B. 40-42.
20. Z.T.Nishonova. Mustaqil ijodiy fikrlash. – T.: Fan.- 2003.-114 b.
21.Nishanova Z.,Qarshieva.,Atabaeva N.,Qurbanova Z. Psixodiagnostika va eksperimental psixologiya.-T-2014. B-148-149.
22.G'oziev E. Muomala psixologiyasi. T. 2001 .
23.G’oziev E. Tafakkur psixologiyasi. T. 1999.
24.G'oziev E E. Psixologiya. T. "O'qituvchi" nashriyoti. 2003. (darslik)
25.G'oziev E . Umumiy psixologiya. (ma'ruzalar matni) N. 2002.
26.Maxsudova M. Oilaviy munosabatlar psixologiyasi. (uslubiy qo'llanma) N.2003.
27.Maxsudova M. Qo'rbonova Z. Umumiy psixologiya. N. (muammoli ma'ruzalar matni). 2004.
28.Maxsudova M. Muloqot psixologiyasi. (muammoli ma'ruzalar matni). N. 2004.